Яз.2124(4)
Б 51

Берсанов Хож-Ахьмад



Нохчийн Меттан шира дешнаш...

КОНТРОЛЬНЫЙ ЛИСТОК
сроков возврата

Книга должна быть возвращена
не позже указанного срока

1/XI - 1938	

81.2/24ч)
Б 57

Берсанов Хож-Ахьмад

НОХЧИЙН МЕТТАН ШИРА ДЕШНАШ, ЧОХЬ, КЕРТАХЬ БОЛЧУ БАХАМАН, ГІИРСИЙН, ОРАМАТИЙН, ДИЙНАТИЙН ЦІЕРШ, НОХЧИЙН КЪОМАН ГІИЛЛАКХЕХ ЛАЬЦНА ДОЛЧУ ХАТТАРШНА ЖОЬПАШ

1734196

ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий» – 2016

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ
ЦГБ г.ГРОЗНОГО
364051 г.Грозный, пр.Победы 22

ББК 63,3(2Рос.Чеч)622
УДК 9(Чеч)27
Б519

Издание осуществлено за счет средств автора

ХIара болх аса язбина нохчийн къоман гIиллакхаш юхаметтахIотто Iалашо йолуш дIахьош йолчу «СИНМЕХАЛЛАШ» проектехь а, кхийолчу конкурсийн п рограммашкахь а дакъалоцучарна, жюрин декъахошна, нохчийн гIиллакхаш довза луучарна, нохчийн мотт шера а, цIена а бийца, ларбан лууш болчарна лерина.

© Берсанов Х.-А., 2016
© ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2016

НОХЧИЙН МОТТ. НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ

Марша догIийла, нохчийн мотт, хьо базбеш, хьо лоруш, хьан сийдеш, хьо кхио, хьо хазбан, хьо марзбан билгалдаьккхина апрель беттан 25-гIа де! Дийцахьа тхуна, нохчийн мотт безаш, лоруш, цуьнан хама беш болчарна хIун кхаъ бохьуш догIу хьо, нохчийн меттан де?!

Нохчийн меттан сийдайар ца лалуш, цуьнан дешнаш кхоъмаза дицдар, и шога бохош бийцар ца лалуш, адамийн хьашташкара, юкъараллин хьелашкара и юьстахтеттар ца лалуш, и законехь Iамо, шарбан, бийца елла бакъонаш талхор ца лалуш болчийн дегнаш хьаста хIун совгIат дохьуш догIу хьо, нохчийн меттан дезде?!

Тхан дайша, бисмилла олуш, урд аха, стерчий доьжна, нахаран баьлчаш лаьцна бина мукъамаш бицбиний техьа ахь? Нанас ага техкош, шен бер дижо лекхна йиш йицйиний техьа ахь?

Ненан мотт – нохчийн мотт! Вайн безачу эвлаяаша, хьо хазбеш, хьо лоруш, хьан сий деш, дош лардеш бийцина. Нохчийн мотт, вайн дикачу къонахаша, хьо базбеш, доттагIашца боккхачу лерамца кIедамерза, мостагIашца буьрса, захалонна зевне-хаза, берашца экама, гIийлачаьрца дегнаш хьостуш бийцина.

Гечдийр дуй техьа оцу везачу Дала Ша вайна белла мотт бицбиначарна, цуьнан сий дайинчарна, цуьнан сий дойуш болчарна, цуьнан хама цабечарна? «Даймохк», «Нана-Даймохк», «Нохчийн мотт», «Ненан мотт» – оцу дезачу дешнийн маьIна дой техьа нохчийн къонахаша, яхьйолчу кIенташа, яхьйолчу зударша, яхьйолчу мехкарша?

«Даймохк»-газет, хьо цхьаъ бен дац нохчийн маттахь тхаьш дакхийдер кхаьънашца далхо, бохамаш хилча, бохамаш балхо, баланаш баьхкича, баланаш балхо, мехкан хьелаш, хьашташ, хьесапаш дийца, адамийн амалш, таронаш, токхонаш йовзийта, хьекъал, кхетам, иман хилар, вовшашца лерам, тешам, безам, къинхетам, комаьршо хилар дийца, гIиллакхашца, оьздангаллица, собарца, доьналлица дуьззина къонахчун васт гайта. «Даймохк»-газет, хьо кхочий техьа нохчийн оьздачу хIусамашка, хьаькамийн стоьлашка, Iилманчийн, хьехархойн кера, церан тидаме, церан лераме, студентийн, дешархойн дегнашка?

Стигалахь ткъес детташ, йочанаш латтарх, хиш десташ, бердаш херцорах, мохк бегош, латта лесторах, малх лаьцна баланаш биссарх, тIом хуьлуш, тIамо хьийзадарх, бехк боцуш, тхешан махках тхо дахарх, шелоно, мацалло, харцоно хьийзорах, хийрачу цу махкахь тхо дIа-схьа даржорах, нохчийн мотт, хьо тхоьца биснера, хьоьца оха тхаьш Деле дехнера. Баккхийра Iеткъамаш хиларо, бицбан бахьанаш

хIиттаро, сий дойуш, хьо юьстахтеттаро, гIелбина, азбина, нохчийн мотт, юхаметтабало, Iамо, шорбан, кIаргбан, бийца, сий дан тхуна хьекъал, иман, доьналла лохьа, хIай Веза Дела!

Нохчийн меттан сий дайа гIертачийн луур ца долуьйтуш, безачийн дегнаш хьостуш, нохчийн дош, нохчийн мотт гIаланашка, ярташка, гIишлошка, гIирсашка кхачош, кхаъ бохьуш долахьа, Нохчийн меттан де!

Мохк боцуш ма вуьсийла мехкан да! Да воцуш ма буьсийла нохчийн мотт! Мотт боцуш къам а дац, къам доцуш мотт а бац.


Меттан сий дайича, къоман сий довр ду, къоман сий дайича, мехкан сий довр ду. Мехкан сий дарах, къоман сий дарах, меттан сий дарах ларделахь тхо, Веза Дела!

Мотт, духар, гIиллакхаш къоман сибат ду. И сибат лардеш верг нохчо ву, шен махкана, шен къомана хьакъ волу къонах ву. Меттан сий ца дечо, шен ненан сий ца до, ненан сий ца дечо мехкан сий дийр дац. Шен мехкан, шен меттан, шен ненан сий лардеш, яхьйолуш воцург къонах вац, и къонах ву, олийла дац.


Нохчийн мотт ша ма-хиллара юхаметтахIотто, и ларбан, иза кхио йолчу Iалашонехь дакъа лоцуш ас довзуьйтур ду вай дицдина нохчийн меттан шира дешнаш, йовзуьйтур ю акхаройн, олхазарийн, кхидолчу дийнатийн цIерш, диттийн, бецийн, кхийолчу ораматийн цIерш. Ас билгалдохур ду оьрсийн маттера схьаэцна дешнаш, вайн дайша вайн мотт кхио керла гучуюьйлучу говзаллийн, коьчалийн, гIирсийн шайгара цIерш тохкуш кхоьллина дешнаш.

ЦІА, КХЕРЧ, КОВ-КЕРТ

Чуьра гІирсаш




Пеш – пешаш.




Паднар – паднараш.
Мотт-гІайба – мотт-гІайбанаш.




Къорза истанг –
къорза истангаш.




Куз – кузаш.




Истанг – истангаш.




Палс – палсаш.




ТIорказ – тIорказаш.




Ага – аганаш.




Чарх – чархаш.



Чамда – чамданаш.



Стол – стоьлаш.




Миндар – миндарш.




ГIант – гIанташ.





КIудал – кIудалш.






Тукар – тукарш. ЧIода – чIоданаш. Бохча – бохчанаш.








Ю – юнаш. Урчакх – урчакхаш. Ехк – ахкарш.








Текх – текхаш. Цаца – цеций. Шун – шаннаш.






Зайла – зайлеш. Зайлалоцург – зайлалоцурш.




ЯлгIу – ялгIуш.




ХIупъэриг – хIупъэригаш.




Ов – эвнаш.




Очакх – очакхаш.



Морзах – морзахаш.




Аьшкал – аьшкалш.



Бера – беранаш.



Чада – чаданаш.



Чоьлпа – чоьлпанаш.



Шекарчудуьллург.



Туьхачудуьллург.



Хедар – хедарш.



Чайник – чайникаш.



Бошхап – бошхепаш.

Кхийра пегIаш



Зока –
зоканаш.



Буька –
буьканаш.



Кхаба –
кхабанаш.



Бога –
боганаш.




Сурила –
сурилаш.



Куьйра –
куьйранаш.



Чай молу кад –
чай молу кедаш.



Бераман кад.

Пийсак.




Гиба – гибанаш.



ТIекха – тIекханаш (дечкан)



Чилак.



Луьттург – луьттургаш.



Ной.



Чада-Іайг –
чада-Іайгаш.



Іайг –
Іайгаш.

Урс –
уьрсаш.







МІара –
мІерий.

Окхло –
окхлонаш.

Чами –
чамеш.








Кхакха
кІадбеш долу Іад.


ГІола шарйийриг.

Кхалор.




Пийсак. Экъа – экъанаш. Терхи – терхеш.


Арара гIирсаш




Мекха – мекханаш.



Ворда – ворданаш. Нох – нахарш.




Куьрк – куьркаш.
(хьаьжкIа кхорзуш).




Сайра – сайреш
(сискалгIа чудухкуш).




Бочка –
бочканаш.



ГIалакх –
гIалакхаш.




Бел – белаш.



Баьхьа –
баьхьанаш.




Шалгу –
шалгош.



Кагтух –
кагтухаш.




Марс –
маьрсаш.



Мангал – мангалш.



Нуьйжа – нуьйжанаш.




ЖIов – жIаьвнаш.



Бага йолу морзах.



Хьостам боккху морзах.



Аьлха – аьлханаш.



ГIайракх – гIайракхаш.



Гел – гелаш.




Доккха ваттана – ваттанаш.




Жима ваттана.



Метиг – метигаш.



Цел – целаш.



Гема – геманаш.




Гам – гаьмнаш.




Доккха диг – дагарш.



Жима диг – жоммагI.




Боккха херх – херхаш.



Жима херх.

Гур болу херх.



Ков –
кевнаш.

ГIордаз –
гIордазаш.

Лом –
лоьмаш.

143496



Хьостам
боккхург.

Сто –
станарш.


Варзап –
варзапаш.



Тускар –
Тускарш.

Гирда –
гирданаш.

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ
ЦГБ г.ГРОЗНОГО
364051 г.Грозный, пр.Победы 22



Экха – экханаш.



Ваба – вабанаш.




Шелаг – шаьлгаш.




Чарма – чарманаш.

Даьхнин лаьттийлаш




Даьхнакерт – даьхнакерташ.




Божал – божалш.

КІара – кІаранаш.




Утарма – утармаш.




ГІуй – гІораш.



Зайл – зайлаш.



Бун – баннаш.




Лами.




Іад.

ГОВР-ВОРДА ЮЖУ ГІИРС



1. Дуьрста. 2. Урх. 3. ГІомат. 4. Нуьйр. 5. Лол. 6. Талба. 7. Гаьллаш. 8.ТІехула тосу аса. 9. Архаш. 10. ГІоматан лол. 11. Жулар. 12. Локхар. 13. Бахтар. 14. Шед. 15. Лан. 16. Ортана.

ВОРДА




Ворданан меженаш

1. Ворданан цІа. 2. Іаьрча. 3. Ворданан чкъург. 4. Чкъурган тогІи. 5. Чкъурган цергаш. 6. Сема. 7. Милк. 8. Ялкха. 9. Зоьпар.

10. Гал. 11. Кхимар. 12. Ворданан цIийнан ога. 13. Орцха. 14. Гоьван гIуркх.


СТЕРЧИЙН ВОРДА



Стерчи-ворданан меженаш

1. Стерчийн дукъ. 2. Дукъарц – дукъарцаш. 3. Дуьхьлоца. 4. Іаьрч – Іаьрчаш. 5. Чкъург – чкъургаш. 6. Ялкха – ялкханаш. 7. Сема – семанаш. 8. Милк – милкаш.


НОХ



Нахаран меженаш

1. Нахаран баьлчаш. 2. Нахаран экъа. 3. Хьонхал. 4. Мотт 5. Чадакх. 6. Урс 7. ГIарло (нох цIандийриг). 8. Нахаран дукъ. 9. Гал.

МЕКХА



Мекханан меженаш

1. Мекха. 2. Мекханан гур. 3. Мекханан цергаш. 4. Дукъ. 5. Гал.

ДАЬХНИ

Говр – говраш (лошадь) Кхел – кхелаш (кобыла) АйгIар – айгIарш (жеребец) Алаша – алашаш (мерин)

Дин – Дой (скакун) Дин-бекъа – динан бокъий (жеребенок) Кхела-бекъа – кхелан бокъий (жеребята)

Гомаш – гомашаш (буйволица) Эра бугIа – эра бугIанаш (бугай – самец) БугIа – бугIанаш (буйвол)

Гомашан кIорни (детёныш буйваленка) БугIанан кIорни (буйволенок – самец) Етт – хьелий (корова)

Эра бугIа – эра бугIанаш (бугай – самец) Сту – стерчий (бык) Сте эса (теленок – самка)

Боьрша эса (теленок – самец) Шинара – шинарш (двухлетка – самка) Доьхьарг – доьхьаргаш (первенец отела)

УЬСТАГІИЙ, ГЕЗАРИЙ

УьстагІ – уьстагІий. Жа – жаш. Жий – жерчий. Эра ка – эра кой. БаьІна ка – даьІна кой. Сте Іахар – сте Іахарий, коьма – Іахар. Бежан рагІ – бежан раьгІнаш. Жан рагІ – жан раьгІнаш (юкъара бажа, рогІах бажош), (юкъара жа, рогІах дажош).

Газа – гезарий, нана-газа. Эра бож – эра бежлой. Буьхьиг – буьхьигаш, боьрша буьхьиг, сте буьхьиг. ХІора (азъелла, гІийла хІума – газа я уьстагІ). Кхикхор (нана йоцуш йисна буьхьиг я Іахар).

ЗІАКАРДАЬХНИ

Москал – москалш. Москал-нІаьна – москал-нІаьнеш. Нана-москал – нана-москалш. Москалан кІорни – москалан кІорнеш. Москалан нІаьна-кІорни – москалан нІаьна-кІорнеш. Москалан меъ – москалан меаш. Москалан хІоа – москалан хІоаш. Москалан тойна – москалан тевнеш. Москалан бен – москалан баннаш. Сера диллина хІоа (москалан бен чохь бухадуьтуш долу хІоа).

Котам – котамаш, котаман нІаьна – котаман нІаьнеш, нана-котам – нана-котамаш, котаман нІаьна-кІорни – котаман нІаьна -кІорнеш, котаман меъ – котаман меаш, котаман кІорни – котаман кІорнеш, къурдйоьлла котам – къурдйоьлла котамаш, котаман бен – котаман баннаш, котаман тевна – котаман тевнеш, сера диллина хІоа (котаман бен чохь бухадуьтуш долу хІоа).

ГІаз – гІезаш, гІезан нІаьна – гІеза-нІаьнеш, нана-гІаз – нана-гІезаш, гІезан кІорни – гІезан кІорнеш, гІезан нІаьна-кІорни – гІезан нІаьна-кІорнеш, гІезан меъ – гІезан меаш, гІезан хІоа – гІезан хІоаш, гІезан тевна – гІезан тевнеш, гІезан бен – гІезан баннаш, гІезан сайра (гІезан бен чохь дитина хІоа).

Бад – бедаш, бедан нІаьна – бедан нІаьнеш, нана-бад – нана-бедаш, бедан нІаьна-кІорни – бедан нІаьна-кІорнеш, бедан меъ – бедан меаш, бедан тевна – бедан тевнеш, бедан бен – бедан баннаш, бедан сайра (бедан бен чохь бухадитана хІоа).

БУЦ-АРЕНАШ

Цана – цанаш
(йол хьокху меттиг)

дежийла – дежийлаш
(бажа бажо, жа дажо меттигаш)



1. Кес – кесарш
(мангало йожо буц)

2. Литта – литтанаш
(якъаелча, тIекIелъюьллу)

3. Кхаьнча – кхаьнчанаш
(тIеттIаюьллург)



Такхор – такхораш.
(хола бан тIетакхош ерг)



Элан хола – элан холанаш
(бохь боккхуш дIайоьттина йол)



Элан рагI – элан раьгIнаш
(тIе-кIел йоьттина йол)




ХIоъ-докъар – хIоъ-докъарш
(муьлхха а ялтийн даар)

ЯЛТА, ДОКЪАР, ХIОЪ-ДОКЪАР

ХьаьжкIа, мукх, кIа, жарж (муьлххачу а ялтех баькхина), дуьйраш (демах схьакъаьстина) , хьажкIан гIад – гIодмаш, гIодмийн такхор – гIодмийн такхораш, луьйдиг – лоьдгаш, йол – элаш, кIен ча, мекхан ча.

ХЬЕР



Хьеран меженаш

1. Хьеран корта. 2. Апари. 3. Бера. 4. Хьеран цIа. 5. Дуо. 6. Хьеран тIулг. 7. ХIоъ. 8. КIар-кIар. 9. Кхимар. 10. Ной. 11. ХIоъ нисбеш йолу зIаразукъ. 12. Бол. 13. Хьеран гIевла. 14. Апари дIасатоттуш йолу ваба.

НОХЧИЙН ДУЬЙШ-ДЕРЗОШ ДОЛУ ЯЛТА А, КХИДОЛУ КХАЧАНАН СУРСАТАШ А

ХьаьжкIа, мукх, кIа, Iаьржа кIа, дуга, борц, маьлхан хIу, воьта, кхоьш.

БЕШАРА СТОЬМАШ

Iаж, кхор, хьормат, Iаьржа хьач, туьрк, кемсаш, гIаммагIа, бал, суьйлийн кхор.

Моз доккху накхармозий, некх – накхарш, моз, вай, балоз, жуьрг.

ХАС. ХАССТОЬМАШ

ГIабакх, хорбаз, паста, шамали, хорсам, картол, хох, саьрамсекх, копаста, наьрс, помидор, жIонка …

НОХЧИЙН КХАЧА

Сискал, кIалд-даьттий, гIалмакх-чай.
Сискал, тIо-берам, Iаждарбецан чай.
Сискал, шаьлга-берам, Iаждарбецан чай.
Сискал, морз-берам, гIалмакх-чай.
Карчийна мижаргаш, муьста-берам, гIалмакх-чай.
Мохь тоьхна сискал, гIалмакх-чай.
КIалд тоьхна сискал, цIиййина шура.
Деман довха хьокхамаш, кIалд-даьттий, шекаран чай.
Довха хьокхамаш,тIо-берам, шекаран чай,
Довха хьокхамаш, шаьлга-берам, гIалмакх-чай.
Жижиг, ахьаран галнаш,саьрамсекхан берам, йовха чорпа.
Дакъийна жижиг, ахьаран галнаш, саьрамсекхан берам, йовха чорпа.

Жижиг, деман галнаш, саьрамсекхан берам, йовха чорпа.

Дакъийна жижиг, деман галнаш, саьрамсекхан берам, чорпа.

СискалгІин хьолтІамаш, кІалд-даьтта, шура тоьхна чорпа.

СискалгІин хьолтІамаш, тІо-берам, шура тоьхна чорпа.

Шури тІехь йина, кхерзина хох тоьхна, кегий галнаш.

ХьолтІамаш, шури тІехь бина хохийн берам, шура тоьхна чорпа.

ТІе даьтта диллина, кІалд тесна сискалгІин худар.

СискалгІин худар тІо-берамца.

ТІе даьтта диллина, кІалд тесна деман худар.

ХьаьжкІийн жоржах дина худар кІалд-даьттанца.

ХьаьжкІийн жоржах дина худар тІо-берамца.

ХьаьжкІийн жоржах дина худар цІиййинчу шурица.

Кхерзина котам, ахьаран галнаш, хохийн берам, шура тоьхна чорпа.

Кхерзина котам, деман галнаш, хохийн берам, шура тоьхна чорпа.

Шури чохь кхеххийна москал, ахьаран галнаш, хохийн берам. чорпа.

Шури чохь кхеххийна москал, деман галнаш, хохийн берам, чорпа.

УьстагІан бІараш, ахьаран галнаш, саьрамсекхан берам.

УьстагІан бІараш, деман галнаш, саьрамсекхан берам.

Дакъийна йоьхьаш, зайли чохь кхерзина, сискалца…

Хингалш, чІепалгаш, даьттагІ, хьовла, цу-мижаргаш, кхорийн цу.

Сискал, кхерзина картолаш, гІалмакх-чай.

Кхеххийна картолаш, кІалд-даьтта, Іаждарбецан чай.

Кхеххийна картолаш, тІо-берам, гІалмакх-чай.

Картол чуйоьллина пиряшкаш, шекаран чай.

КІалд чуйоьллина варенікаш тІайца.

Хьонкий, нитташ чубоьхкина далнаш тІайца.

Кхеххийна кхоьш, кхоьн чорпа, сискалца я довхачу хьокхамашца.

Кхеххийна хьаьжкІаш, кхоьн беттанашца кхеххийна хьаьжкІаш…

ВАЙН МАХКАХЬ ХЬАЛХА ЗАМАНЧОХЬ ХИЛЛА А, ХIИНЦА ДОЛУ А АКХАРОЙ



Лом – лоьмаш
(лев)



ЦIоькъалом – цIоькъалоьмаш
(тигр)



Борз – берзалой
(волк)



ЧагIалкх – чагIалкхаш
(шакал)



Цхьогал – цхьогалш
(лиса)



Ча – черчий
(медведь)



Нал – неларчий
(дикий кабан)



Акха цициг – акха цицигаш
(рысь)



Хьуьнан акха цициг
(лесной кот)



Эрзашкара цициг
(камышовый кот)



Пхьагал – пхьагалш
(заяц)



Кlайн пхьагал
(заяц-беляк)



Лаьттан пхьагал
(тушканчик)



Оьпа – оьпарчий
(хомяк)



Тарсал – торсалш
(белка)



Хаьштиг – хаьштигаш
(выдра)



Дингат – дингаташ
(ласка)



Зу – зуьнаш
(ёж)



Акха сту – акха стерчий
(зубр)



Акха газа – акха гезарий
(дикая коза)



Акха бож – акха бежлой
(тур)



Лу – лунаш
(косуля)



Масар – масарш
(серна)




Акха уьстагI – акха уьстагIий
(сайгак)



ГIела – гIеланаш
(марал)



Сай – сайш
(олень)



Боккха сай (лось)

ВАЙН МАХКАХЬ ХЬАЛХА ЗАМАНЧОХЬ ХИЛЛА А, ХІИНЦА ДОЛУ А ОЛХАЗАРШ



ГІургІаз – гІургІезаш
(лебедь)



Мокха акха гІаз
(серый гусь)



Акха бад – акха бедаш
(кряква)



Акха гІаз – акха гІезаш
(дикий гусь)



Іаьржа акха бад – Іаьржа акха бедаш
(черная краква)



Мокха акха бад
(серая утка)



Маж йолу аьрзу
(бородач)



КІайн цІога долу аьрзу
(орел-белохвост)



Лаьхьарчий дуу аьрзу
(змеядник)



Можа беснеш йолу аьрзу
(стервятник)



Можа тІуьска йолу аьрзу
(могилник)



Йоккха аьрзу
(дарта)



Іаьржа гІиргІа – Іаьржа гІиргІанаш
(черный коршун)



ЦІен гІиргІа
(красный коршун)



ЗІугарчий йуу гІиргІа
(осоед)



Куьйра – куьйранаш
(тетеревятник)



Жима куьйра
(тювик)



Къорза куьйра
(малый перепелятник)



КІайн куьйра – кІайн куьйранаш
(степной лунь)



Леча – лечарчий
(сокол)



ХьаргІа – хьаргІанаш
(ворон)



Маккхал – маккхалш
(ворона)



Къиг – къийгаш
(грач)



Човка – човкарчий
(галка)



Къорза къиг – къорза къийгаш
(сорока)




БухIа – бухIанаш
(сова)



Жима бухIа
(домовой сыч)



Лергаш долу жима бухIа
(сплюшка)



Акха-нIаьна – акха-нIаьнеш
(фазан)



Бецамеъ – бецамеаш
(куропатка)



Къоркотам – къоркотамаш
(глухарь)



Лекъ – лекъаш
(перепел)




БайтIакусказ – байтIакусказаш
(тетерев)




Кхокха – кхокхий
(голубь)



Кечал-кхокха – кечал-кхокхий
(вяхирь)



Къоркхокха – къоркхокхий
(горлица)



Оттйокх – оттйокхаш
(кукушка)



ЧIоб – чIоьбаш
(выпь)



ХIуттут – хIуттуташ
(удод)



Селасат – селасаташ
(иволга)



Іаьржа корта болу селасат
(черноголовая иволга)



ХенакIур – хенакIарраш
(дятел)



Жалекъорг – жалекъоргаш
(щур)



Баьццара жалекъорг
(зеленый щур)



Баьццара хенакIур – баьццара хенакIарраш
(зеленый дятел)



Шоршал – шоршалш
(синяя птица)



Къорза хенакIур
(пестрый дятел)



Алкханч – алкханчаш
(скворец)



СуьйличIегIаг – суьйличIегIагаш
(сойка)



КукмIаьв – кукмIаьвнаш
(желтопуз)



Хьоза – хьозарчий
(воробей)



ЧIегIардиг – чIегIардигаш
(ласточка)



Дургли – дурглеш
(стриж)



НIаьвла – нIаьвлаш
(жаворонок)



Буьйсанан мокха хьоза
(козодой)



ХIуьрцIалдиг – хIуьрцIалдигаш
(трясогузка)



КIайн хIуьрцIалдиг
(белая трясогузка)



Можа хIуьрцIалдиг
(желтая трясогузка)



Хьуьнан хьоза – хьуьнан хьозий
(певчий дрозд)



Іаьржа хьоза
(черный дрозд)



ТIулган гIайренашкара хьоза
(каменка)



КхорбIелиг – кхорбIаьлгаш
(малая мухоловка)



ЦIик-цIик хьоза
(камышовка-барсучок)



ЦIир-цIир – цIир-цIираш
(соловей)



Бешара хьоза
(лазаревка)

ВАЙН МАХКАРА ХЬУН

Диттийн тайпанаш

Наж: наж бу – нежнаш ду.
Поп: поп бу – пепнаш ду.
ХьегI: хьегI ду – хьегIаш ду.
Маъ: маъ ду – маьънаш ду.
Мах: мах ду – мехнаш ду.
Акхтарг: акхтарг ду – акхтаргаш ду.
IаммагIа: IаммагIа ду – IаммагIнаш ду.
Къахк: къахк ду – къахкаш ду.
Къашту: къашту ду – къаштош ду.
Элхьамча: элхьамча бу – элхьамчаш ду.
Дуушто: дуушто ду – дууштош ду.
БIаьлланг: бIаьлланг ю – бIаьллангаш ю.
ЦIарз: цIарз ду – цIарзаш ду.
ЦIулла: цIулла дечиг ю – цIулла дечигаш ю.
Чайбал: чайбал ю – чайбаллаш ю.
Дакх: дакх ду – дакхнаш ду.
Бага: бага ду – баганаш ду.
Тал: тал ду – таьллаш ду.
ЧIижаргIа: чIижаргIа ю – чIижаргIаш ю.
Iаьржа тал: Iаьржа тал ду – Iаьржа таьллаш ду.
Диттан хара (дупло): хара ю – харанаш ю.

ВАЙН МАХКАРА ХЬУЬНАН АКХА СТОЬМАШ

Хьуьнан кхор: кхор бу – кхораш бу.
Стов: стов бу – стеш ду.
Хьаьмц: хьаьмц бу – хьаьмцаш ду.
БIаьлланган бIар: бIаьлланган бIар ду – бIаьлланган бIараш ду.
БочабIар: бочабIар ду – БочабIараш ду.
Кока: кока ду – коканаш ду.
Элхьамч: элхьамч бу – элхьамчаш ду.

Таслурган стом (хьаьрмак) бу – таслурган стоьмаш бу.
Муьрг: муьрг ю – муьргаш ю.
Муьстарг: муьстарг ю – муьстаргаш ю.
Нарка: нарка ю – наркаш ю.
Хьаьрсахьач: хьаьрсахьач бу – хьаьрсахьечаш ду.
Акха Іаж: акха Іаж бу – акха Іежаш ду.

ВАЙН МАХКАРА ДАРБАНАН БЕЦАШ

Адам-орам (женьшень)
Аштаркх (ромашка)
Ашту (будра)
Аштарбуц (борщевик)
Аьлти (крушина ольховидная)
Банату цІен лерг (пион уклоняющиеся)
Басхьат (мята перечная)
Баркис (кориандр посевной)
Бати (буквица лекарственная)
БижбаІ (череда трехраздельная)
Бисикъат (стальник полевой)
БежІуьнанбаппа (одуванчик)
БойбІаьргаш (манжетка обыкновенная)
Бернашкондар (сушеница топяная)
Буька яр, я пистонъерг (белена черная)
Буьказаздерг (наперстянка)
Буьказаз (наперстянка ржавая)
Вонхьожаерг (василистник вонючий)
Воьта (лён)
Дарбан зезаг (ноготки лекарственные)
Дарбанан яр баскату (алтей лекарственный)
Динберг (подорожник)
Дойзагбуц (спаржа лекарственная)
Духча (пастернак посевной)
Зазакан басикъ (ятрышкин фукса)
Газанбуц (галега)

ГоргабаI (мордовник)
Ирпатар (горец змеиный)
ИрагIашдерг (можжевельник обыкновенный)
ЙоьIабIаьрг (фиалка трехцветная)
ЛабиIат (мелисса лекарственная)
Лайн зезаг (подснежник)
Лаштакъ (брусника обыкновенная)
Кондаркомарш (смородина черная)
Кондарбуц (герань луговая)
Кондарчай (зверобой)
Корсамъяр (цетрария исландская)
Кхеллин яр (дескурения софия)
Мангалкомар (ежевика сизая)
МаьлхабIаьрг (горицвет весенний)
Маьлхан нур (мочок желтый)
Можа кад (кубышка желтая)
МожабIаьрг (маргаритка многолетная)
Можагоргалеш (первоцвет настоящий)
Мотгойтург (наперстянка шерстистая)
Моздуттург (медуница неясная)
Мутдолу буц (очиток едкий)
Муьжг (горец птичий)
ГIундалгIи (бузина черная)
Набтуьйсург (валерьянка лекарственная)
Нана а, десте а (мать и мачеха)
Наьрсахьожаерг (бурачник лекарственный)
Нитт (крапива)
Нецабоь яр – Даку (донник лекарственный)
Оччам (укроп)
ПетIамат (мак снотворный)
СийнабIаьрг (василек синий)
Сийнакортошдерг (синеголовник плосколистый)
Уьшал яр – шач (аир обыкновенный)
Хазакондар (красавка)
Хин бурч (горец перечный)
Хинзезаг (касатик)

Хьабчи (окопник лекарственный)
Хьашкар (кровохлебка лекарственная)
Хьаштур (гравилат городской)
Хьаштарг (клевер)
Хьашлат (первоцвет весенний)
ХьаьжкIа (кукуруза)
Хьесийдерг (чина луговая)
Хьостарг (бедренец-камнеломка)
Хьуьнан цIазам (земляника лесная)
Хьуьнан зезаг (мальва лесная)
ХесагIад (фенхель обыкновенный)
IантIазхьекхорг (девясил высокий)
Iаждарбуц (душица обыкновенная)
Iеха (въюнок полевой)
Iаьа (лопух, репейник)
Iаьржа муьргаш (паслен черный)
Iаьржаэлхьамч (боярышник черный)
Канберг (овес)
Кан болу буькаяр (наперстянка ресничатая)
КIайберг (белокопытник)
КIомал (конопля)
КIон яр (горец почечуйный)
КIохцалбуц (верблюжья колючка)
КIохцалгIад (заманиха высокая)
КIонъяр (кирказон обыкновенный)
Къаштар (дымянка лекарственная)
Къаьхьа баI (алоэ)
Къаьхьа къух (полынь горькая)
Къоранит (тирбулас, яснотка белая)
ЛабиIат (иссоп лекарственный)
Сагалбуц (полынь цитворная)
СтоьмагIад (облепиха)
Сагалматаш лоьйцург (росянка круглолистая)
Сийна зазабохь (цикорий, синий цветок)
Сийна зазанбохьберг – пахьти (синюха голубая)
Тарсам (пижма обыкновенная)

Тати (щавель конский)
Таслурган стом. КIомсар мача. Хьаьрмак (шиповник)
Товрид (шалфей лекарственный)
Тентаквоккхург (дурман обыкновенный)
ТиргIад (марена красильная)
Туки (безвременник великолепный)
Тухчар (вероника лекарственная)
Туси (вахта трехлистная)
Мерзаорам (солодка голая)
Уьшалан яр (аир обыкновенный)
Цици (грыжник гладкий)
ЦицигацIога (хвощ полевой)
ЦIеканберг (чистец лесной)
ЦIенагIад (чистотел большой)
ЦIечу басахь буьказаздерг (наперстянка пурпуровая)
Цкъарг (ландыш)
ШерагIад (сукеранега)
Шур-баI (цикорий)
Чардакх яр (скополия карниолтийская)
Чаби (анис обыкновенный)
Чаймуьргаш (черника обыкновенная)
Чанлерг (толокнянка)
Четарзаз (тмин)
Четарзазадерг (амми зубная)
Чопаериг (мыльнянка лекарственная)
Чимча (лапчатка прямостоячая)
ЧIурам буц (золототысячник обыкновенный)
ЧIурам заза (коровяк густоцветковый)
Чкъаштарг (барвинок малый)
Эпси (хрен)

XVIII–XIX БІЕШЕРАШКАХЬ ВАЙН ДАЙША НОХЧИЙН МАТТАНА ЮКЪА ДАЛИЙНА ДЕШНАШ

Эла (князь)	эла ву – элий бу
Инарла (генерал)	инарла ву – инарлаш бу
Эпсар (офицер)	эпсар ву – эпсарш бу
Совдегар (купец)	совдегар ву – совдегарш бу
Пурстоп (пристав)	пурстоп ву – пурстоьпаш бу
Йийсар (пленник)	йийсар ву – йийсарш бу
Лай (раб)	лай ву – леш бу
МухІажар (переселенец)	мухІажар ву – мухІажарш бу
Тутмакх (туьремщик)	тутмакх ву – тутмакхаш бу
Туркх (дежурный)	туркх ву – туркхаш бу
Хехо (сторож)	хехо ву – хехой бу
ГІаролча (охранник)	гІаролча ву – гІаролчаш бу
БІахо (сотник)	бІахо ву – бІахой бу
Ялхо (наемник)	ялхо ву – ялхой бу
Иччархо (снайпер)	иччархо ву – иччархой бу
Эскар (армия)	эскар ду – эскарш ду
Салти (солдат)	салти ву – салтий бу
ТІемало (воин)	тІемало ву – тІемалой бу
Вацархо (батрак)	вацархо ву – бацархой бу
ГІашло-салти (пехотинец)	гІашло-салти ву – гІашлой салти бу
Жигархо (ударник)	жигархо ву – жигархой бу
ЗаьІапстаг (инвалид)	заьІапстаг ву – заьІапхой бу
Талмаж (переводчик)	талмаж ву – талмажхой бу
Шаккхал (гимн)	шаккхал ю – шаккхалаш ю
Дархойн цІа (госпиталь)	дархойн цІа ду – дархойн цІеношду
ХьешацІа (гостиница)	хьешацІа ду – хьешацІеношду
Конка (машин)	конка ю – конканаш ю
ЦІерпошта (поезд)	цІерпошта ю – цІерпоштанаш ю
ХІаваан кема (самолет)	хІаваан кема ду – хІаваан кеманаш ду
ХІурдан кема (параход)	хІурдан кема ду – хІурдан кеманаш ду
Четар (зонтик)	четар ду – четарш ду

ЖамI (итог)	жамIа ду – жамIаш ду
ЧIагIо (крепость)	чIагIо ю – чIагIонаш ю
ГIап (замок)	гIап ю – гIепаш ю
Пирсдатал (председатель)	пирсдатал ву – пирсдаталш бу
Уполмоч (уполномочен)	уполмоч ву – уполмочаш бу
Векалийн гулам (съезд…)	векалийн гулам бу – ... гуламаш бу
Кхеташо (совещание)	кхеташо ю – кхеташонаш ю
Кхеташонан тоба (совет)	кхеташонан тоба ю – ... тобанаш ю
Тарахьтар (трактор)	тарахьтар ю – тарахьтарш ю
КIа ору машен (молотилка)	кIаорумашен ю – кIаорумашенаш ю
ХIутосург (сеялка)	хIутосург ю – хIутосургаш ю
Йол хьокху машен (косилка)	йол хьокху машен ю – ... машенаш ю

IАЛАМАН ХЬЕЛАШ НОХЧИЙН МАТТАХЬ

Малхбале (восток)	малбале ю
Малхбузе (запад)	малхбузе ю
Къилбе (юг)	кIилбе ю
Къилбседе (север)	къилбаседе ю
Оршотде (понедельник)	оршотде ду – оршотденош ду
Шинарде (вторник)	шинариде ду – шинариденош ду
Кхааран де (среда)	кхаариде ду – кхаариденош ду.
Еара де (четверг)	еариде ду – еариденош ду
ПIераскан де (пятница)	пIерасканде ду – пIераскаденош ду
Шотан де (суббота)	шотде ду – шотденош ду
КIиранде (воскресенье)	кIиранде ду – кIиранденош ду
БIаьсте (весна)	бIаьсте ю – бIаьстенаш ю
Аьхке (лето)	аьхке ю – аьхкенаш ю
Гуьйре (осень)	гуьйре ю – гуьйренаш ю
Іа (зима)	Іа ду – Іаьнаш ду
Лам (гора)	лам бу – лаьмнаш ду
Іин (ущелье)	Іин ду – Іаннаш ду
Бобра (пещера)	бобра бу – бобранаш ду.
Дохк (туман)	дохк ду – дахкарш ду.

Морха (туча)	морха ю – морхаш ю
ДогIа (дождь)	догIа ду – догIанаш ду
Дерз (мелкий дождь)	дерз ю – дерзаш ю
Ткъес (гроза)	ткъес ду – ткъесаш ду.
Стелахаьштиг (молния)	стелахаьштиг ду – стелахаьштигаш ду
ТогIи (лощина)	тогIи ю – тогIеш ю
ГIайре (остров)	гIайре ю – гIайренаш ю
Анаюх (горизонт)	анаюх ю
Iам (озеро)	Iам бу – Iаьмнаш ду
Уьшал (болото)	уьшал ю – уьшлаш ю
РагI (хребет)	рагI ю – раьгIнаш ю
Барз (холм, курган)	барз бу – баьрзанаш ду
Тоьлг (кочка)	тоьлг ю – тоьлгаш ю
Эрз (камыш)	эрз бу – эрзаш ду

АХЧА ДАГАРДАР

Цхьа кепек, ши кепек, кхо кепек, йиъ кепек, пхи кепек – шай.

Цхьа шай цхьа кепек, цхьа шай ши кепек, цхьа шай кхо кепек, цхьа шай йиъ кепек, цхьа шай пхи кепек – ши шай

Ши шай цхьа кепек, ши шай ши кепек, ши шай кхо кепек, ши шай йиъ кепек, ши шай пхи кепек – кхо шай

Кхо шай цхьа кепек, кхо шай ши кепек, кхо шай кхо кепек, кхо шай йиъ кепек, кхо шай пхи кепек – эппаз

Цхьа эппаз цхьа кепек, цхьа эппаз ши кепек, цхьа эппаз кхо кепек, цхьа эппаз йиъ кепек, цхьа эппаз пхи кепек – пхи шай

Пхи шай цхьа кепек, пхи шай ши кепек, пхи шай кхо кепек, пхи шай йиъ кепек, пхи шай пхи кепек – ялх шай

Ялх шай цхьа кепек, ялх шай ши кепек, ялх шай кхо кепек, ялх шай йиъ кепек, ялх шай пхи кепек – ворхI шай

ВорхI шай цхьа кепек, ворхI шай ши кепек, ворхI шай кхо кепек, ворхI шай йиъ кепек, ворхI шай пхи кепек – ши эппаз

Ши эппази цхьа кепек, ши эппази ши кепек, ши эппаз кхо кепек, ши эппаз йиъ кепек, ши эппаз пхи кепек – исс шай

Исс шай цхьа кепек, исс шай ши кепек, исс шай кхо кепек, исс шай йиъ кепек, исс шай пхи кепек – ах сом

Ах сом цхьа кепек, ах сом ши кепек, ах сом кхо кепек, ах сом йиъ кепек, ах сом пхи кепек – цхьайтта шай

Цхьайтта шай цхьа кепек, цхьайтта шай ши кепек, цхьайтта шай кхо кепек, цхьайтта шай йиъ кепек, цхьайтта шай пхи кепек – кхо эппаз

Кхо эппази цхьа кепек, кхо эппаз ши кепек, кхо эппаз кхо кепек, кхо эппаз йиъ кепек, кхо эппаз пхи кепек – кхойтта шай

Кхойтта шай цхьа кепек, кхойтта шай ши кепек, кхойтта шай кхо кепек, кхойтта шай йиъ кепек, кхойтта шай пхи кепек – дейтта шай

Дейтта шай цхьа кепек, дейтта шай ши кепек, дейтта шай кхо кепек, дейтта шай йиъ кепек, дейтта шай пхи кепек – пхийтта шай

Пхийтта шай цхьа кепек, пхийтта шай ши кепек, пхийтта шай кхо кепек, пхийтта шай йиъ кепек, пхийтта шай пхи кепек – диъ эппаз

Диъ эппази цхьа кепек, диъ эппаз ши кепек, диъ эппаз кхо кепек, диъ эппаз йиъ кепек, диъ эппаз пхи кепек – вуьрхIитта шай

ВуьрхIитта шай цхьа кепек, вуьрхIитта шай ши кепек, вуьрхIитта шай кхо кепек, вуьрхIитта шай йиъ кепек, вуьрхIитта шай пхи кепек – берхIитта шай

БерхIитта шай цхьа кепек, берхIитта шай ши кепек, берхIитта шай кхо кепек, берхIитта шай йиъ кепек, берхIитта шай пхи кепек – ткъаесна шай

Ткъоьсана шай цхьа кепек, ткъоьсана шай ши кепек, ткъаесна шай кхо кепек ткъоьсана шай йиъ кепек, ткъаесна шай пхи кепек – ткъа шай. Цхьа сом…

Соьман тIера кхидIа а дагардо хьалха санна соьмана тIе кхачалц. Масала, цхьа сом ши шай кхо кепек, цхьа сом кхо эппаз, цхьа сом ткъаесна шай... Соьмаш дагардо иттанна тIекхаччалц. ТIаккха цунах туьма олу. Туьманна тIера дIа соьмаш дагардо: цхьайтта сом, шийтта сом, кхойтта сом. Юккъе нислуш долу шайнаш а иштта дагардо: дейтта сом ах сом, дейтта сом кхо эппаз ши кепек и дI. кх. Цул сов даьлча, туьманаш дагардо. Масала, цхьа туьма, ши туьма, кхо туьма... бIе туьманна тIекхаччалц.

Юккъе шайнаш лела. Масала, ши туьмий кхо сом ши кепек, пхи туьмий ворхI сом цхьа эппаз йиъ кепек…

Юкъ-юкъара хIара дешнаш ас билгалдаьхна, юьхьанцарчу классашкахь дешар нохчийн маттахь цахилар бахьана долуш, тIекхуьучу чкъурана ца девза дела, уьш довзийта. Массо а дешнийн хьесап дина вер вац. Иза нохчийн меттан Iилманчийн шатайпа болх бу. Ткъа ас лахьийна дешнаш вайнаха дукха хьолахь оьрсийн маттахь олуш хиларна, уьш диц ца дайта, нохчийн мотт аз ца байта, бех ца байта, билгалдохуш лахьийна.

БисмиллахIиррохьманиррохьими

НОХЧИЙН КЪОМАН ГIИЛЛАКХЕХ ЛАЬЦНА ХЕТТАРШ, ЖОЬПАШ

1. Дуьнен чохь адамийн дахаран хьелашкахь уггар дезанит хIун ду?

Дахар дегIан са ду.

2. Адамийн дахарехь уггар деза хьал хIун ду?

Стеган уггар деза хьал могуш хилар, нахаца догдика хилар ду.

3. Дахарехь адамийн коьртаниг хIун ду ?

Дахарехь адамийн коьртаниг хьекъал, иман ду.

4. Стеган уггар сийлахь дарж муьлханиг ду?

Стеган уггар сийлахь дарж адамалла ду.

5. Стеган ирс стенах кхоллалуш ду?

Нахана везаш хиларх кхоллало стеган ирс. Нахана везаш вери Далла а везна, олуш ду.

6. Стеган амалехь уггар хазаниг хIун ду?

Стеган амалехь уггар хазаниг гIиллак ду. ГIиллакх долуш волу стаг ялсаманихь хир ву, боху.

7. Стен тодо стеган куц?

Стеган куц оьзда хиларо, оьздангалло тодо.

8. Стенца ю стеган марзо?

Стеган марзо уьйрашца, шена дукхабезачу нахаца ю.

9. Дуьнен чохь уггар йоккха марзо хьаьнца ерг ю?

Дуьнен чохь уггар йоккха марзо ненаца ерг а, вовшийн дагара хууш болчу безамца ерг а ю.

10. Дуьнен чохь уггар дагна хьоме ерг хIун ю?

Дуьнен чохь уггар хьоме ша вина нана ю, шен Даймохк а бу.

11. Стеган амалехь диканиг хIун ду?

Стеган амалехь диканиг тешам болуш хилар ду.

12. Дикачу балхана толам баккха ницкъ луш ерг хIун ю?

Дикачу балхана толам баккха ницкъ луш ерг лааман ондо ю.

17. Стаг нахе нисван стен гIаттаво?

Яхь хиларо гIаттаво стаг нахе нисвала а, эшна, юха ца вала а, шен мехкан, шен къоман сий лардан а.

18. Стеган хIун мах бу?

Стеган мах цо ша хадийнарг бу. Махкана оьшуш, мехкан меха хилар а, шен цIенна а, махкана а пайденна воцуш, ши кепек мах боцуш хилар а цуьнгахь шегахь ду.

19. Стеган мостагI ларалуш хIун ю?

Мало, кIадо ю стеган мостагI. Мало, кIадо йолуш верг вехаш а хир вац, цуьнгахь гIиллакх а хир дац, цунах, эшначохь, гIо дан накъост а хир вац.

20. Стеган уггар йоккха докъазалла хIун ю?

Стеган уггар йоккха докъазалла адамашца хьагI хилар ю. Нехан диканан дакъа а кхочур дац цуьнга, шен диканах воккхавен аьтто а хир бац.

21. Стеган къоьлла хIун ю?

Стеган къоьлла сутаралла ю. Шен долуш долчух кхачам хетта, Далла хастам беш а хир вац иза, хIуманах ца Iебаш, сутаралло садуур ду цуьнан.

22. Адамна синтем беш дерг хIун ду?

Шен долуш долчунна, иза вон делахь а, дика делахь а, Далла хастам баро дагна синтем бо.

23. Шен долахь болчу бахамехь хIун оьшу стагана?

Шен долахь болчу бахамехь стагана хIуманан кхоамбар оьшу.

24. Къу вехаш хIунда ца хуьлу?

Къу вехаш ца хуьлу, лачкъийначу хIуманах беркат ца хуьлу дела, цуьнан тIаьхьало йоцу дела.

25. ОьгIазвахначохь сихалла сацош дерг хIун ду?

ОьгIазвахначохь сихалла сацош дерг собар ду. Оцу собаро стаг гIалатваларх ларво.

26. Къонахчун вастехь, цуьнан амалехь коьртаниг хIун ду?

Къонахчун вастехь, цуьнан амалехь коьртаниг ду, Дела цхьаъ веш, Элча (Делера салам хуьлда цунна) бакъвеш, ламаз деш, марха кхобуш, цIена бусалба хилар, иман долуш, хьекъал долуш хилар, Дела реза цахинволчу массо а вочу хIуманах ларлуш хилар, гIиллакх долуш, оьзда хилар, тешам болуш, нахаца, лерам бо-

луш, кIеда-мерза хилар, ша дан тIелаьцна дерг кхочушдеш, шен дешан да хилар, хьеша-деца комаьрша хилар, гIийлачийн дог хьостуш, царна гIо деш хилар, шен халкъан паргIатонна, маршонна дуьхьа, эшначохь, шен са дIадала а кийча хилар, шен къам сийсаздеш, маьттаздоккхуш тIедохьуш долчунна дуьхьалхIотта, дош ала майралла, доьналла долуш, яхьйолуш хилар, хила дезачу меттехь собар долуш хилар.

27. Стенна оьшу къонахчунна собар?

Къонахчунна собар оьшу цIеххьана Iоттаделлачу карзахе-чу вочу хIуманна гIаьттина оьгIазло сацо, Iоттаделла гIуллакх, кхолладелла хьал довза а, цуьнан ойла ян а, хьесап дан а, гIалат ца волуш, дикачу агIор дерзо сацам тIеэца а.

28. Стенах кхоллалуш ду беркат?

Беркат кхоллало хьанала бечу балхах, комаьршонах, гIийлачунна, мискачунна, таро йоцуш висначунна луш долчу сагIех, закатах.

29. Стагана вуьззина нохчо ву мича бахьнашна олуш ду?

Къонахчун вастехь хила мел дезарг шен амалехь долуш ве-лахь а, шен къам дезаш а, цуьнан сий деш велахь а, Дала Шена белла нохчийн мотт безаш, буьйцуш, иза ларбеш, цуьнан сий деш иза велахь а, вайнехан гIиллакхаш девзаш, дезаш, ша гIиллакх долуш, оьзда велахь а, цунна вуьззина нохчо ву олу.

30. ГIиллакх долуш волу стаг ялсамани гIур ву хIунда аьлла?

ГIиллакх ду воккханиг ларар, тIевеъначунна, цуьнан сийдеш, хьалагIаттар, гIийлачун тергояр, гергарло лелор, дош мерза алар, эшначохь гIодар, хьаша тIеэцар, комаьрша хилар, хьал-де хаттар. И дерриг а мелехь ду. Цундела иза ялсамани ваха хьакъ ву.

31. Стенах кхоллало стеган сий?

Стеган сий кхоллало цуьнан хазачу гIиллакхех, сица, дегIаца, ойланца, буьйцучу маттаца йолчу оьздангаллех, нахаца болчу лерамах, лела хаарх, нахана пайдехь дерг ала хууш, нехан гIулакх деш хиларх а.

32. Стенах доьзна ду стеган мах хадор?

Стеган мах хадор цунах шех доьзна ду, цуьнан амалашка, цуьнан гIиллакхашка, цо дечу гIуллакхашка а хьаьжжина. Цундела аьлла ду, стеган мах цо ша хадийнарг бу.

33. ХIун башхо ю майраллиний, доьналлиний юккъехь?

Майралла, тIехIоьттинчу мел боккхачу кхерамах, кхеравелла юхавер воцуш ерг ю. Доьналла, мел яккхийра халонаш хиларх, къарвелла, кIел ца соцуш, уьш лан а, уьш эшо а, хьуьнар хиларца ду.

34. ХIара дуьне къонахийн белшаш тIехь лаьтташ ду хIунда аьлла?

Мел даккхий гIуллакхаш дар, махкана тIебеана кхерам юхатохар, мостагI тIелетча, Даймохк ларбан шайн халкъ орцана гIаттор, шаьш хьалхабевлла, цаьрца дIахIиттар, шен къомана доладар къонахашна тIехь ду. Цундела аьлла, хIара дуьне къонахийн белшаш тIехь лаьтташ ду.

35. Мича хьелашкахь гучудолу майралла, доьналла долуш хилар?

ТIеман, къийсаман, халонийн хьелашкахь гучудолу майралла, доьналла.

36. Комаьршо бохучун хIун маьIна ду?

Шен долахь долчу ахчанца, даьхница, таро йоцуш висначунна гIо-накъостalла деш, гIийлачунна сагIа луш, веъначу хьешана

шун хIоттош хиларх, эшначунна шен хIума кхоацадарх комаьршо олу.

37. Стенах гучудолу къонах яхьйолуш хилар?

Къонахчун яхь хилар гучудолу Даймахкана, шен къомана кхерам тIехIоьттича а, Даймохк ларбан, шен къоман маршо, паргIато ларъян гIоттуш иза велахь, шен къам дезаш а, иза лоруш а, цуьнан сийдеш а, шен къам кхечу къаьмнел сийлахь хилар лууш иза велахь, нохчийн мотт безаш а, буьйцуш а, цуьнан хама беш иза велахь, яхь йолуш хиларан билгало ю.

38. Къонах хилалур вуй, нахаца лерам боцуш?

Нахаца лерам боцуш къонах хилалур вац. Шайца лерам хиларе хьаьжжина бен, нехан цуьнца а хир бац лерам. Наха лоруш хиларе хьаьжжина бен, къонахчун сий хир дац. Наха сийдеш вацахь, иза къонах вац.

39. Муха ду стаг иман долуш хилар?

Стаг, я зуда Делах тешаш а, иза реза ца хинволу хIума шегара далийта эхь хеташ а делахь, цаьргахь иман хилар ду. Нахаца тIекере йолуш, дош мерза олуш, гIиллакх долуш, нахаца лерам болуш, шен-шен хенахь ламаз деш хилар, марха кхобуш хилар, дений-нанний муьтIахь хилар, иманца доьзна ду.

40. Мича хьесапехь ду гIийлачух, мискачух къахетар, царна гIо-накъосталла дар?

ГIийлачух, мискачух къахетар, царна гIо-накъосталла дар мелехь ду, цунна Делера ял хир ю. Иза диканца бекхам боцуш дуьсур дац. ГIийлачун, мискачун терго яр къонахчун вастехь ду.

41. Муха ду сагIа дехар, сагIа далар, хIун башхо ю цушинна юккъехь?

СагIа дехар догIуш дац адамийн амалехь. Иза эхь ду, адамаллех дIахадар ду. Шен нигат а долуш, шегахь йолчу тароне, токхоне хьаьжжина, гIийлачунна, мискачунна сагIа далар мелехь ду.

42. Муха хила беза вовшашца лерамаш?

Вовшашца лерам хила беза: воккхачун терго еш, дас-нанас бохург деш, тIевеъначунна хьалагIоттуш, вошашка хьал-де хоттуш, Iуьйре дика еш, де дика деш, суьйре дика еш, буьйса дика еш, эшначохь вовшашна гIо-накъосталла деш.

43. Муха лело деза стунцахошца гIиллакх, гергарло?

Ялийна зуда оцу стеган доьзалан нана ю. Оцу доьзалан ненахой бу и зуда ерш, ненада, ненанана, ненаваша, ненайиша, иштта кхиберш.

Шина а агIор болчийн гергарлонан зIе ю иза.

Цундела оцу гергарлонан хьурматна, беркатна гIиллакх лело деза и зуда ялийначу невцо и зуда йолчу нахаца – шен стунцахошца. Цаьрца къаьсттина боккха лерам болуш хила веза и, уьш болчохь охьа ца хууш, церан муьлххачу а гIуллакхе хьожуш. Кхечу эвлара нуц стунцахой болчу юьрта вогIуш, эвлайисте кхаьчча, говрара вуссуш хилла, шен стунцахойн сийдеш.

44. ХIун лерам хила беза ненахошца, дехошца?

Ненахошца, шен ненан сийдеш ма-хиллара, церан сийдеш лерам хила беза. Шайн ненахой болчохь охьаховшуш ца хилла дика къонахий, шаьш ханна бакхий белахь а.

Дехошца болу лерам, дика я вон муьлхха а гIуллакх Iоттаделча дакъа лаца декхарийлахь бу, шайлахь воккхачо бохург а деш, цунах дага а волуш.

45. ХIун лерам хила беза доьзалехь воккхачуьнца дедеца, дененаца?

Доьзалехь да, нана, вежарий, йижарий хуьлу, деда а, денана а хуьлу. Уггар хьалха лерам воккхачуьнца хила беза, дедеца, денеца. Церан терго ян еза, буьйса муха яьккхира аша, могашалла муха ю, хIун оьшу шуна, хIун юур яра аша олуш.

46. ХIун лерам хила беза доьзалехь вовшашца?

Да цIийнан Iу ву. Шен доьзална, шен цIенна дола дан дезаш, шен доьзал кхетош-кхио безаш, шен доьзалх жоп дала дезаш. Цундела доьзалехь массара а цо бохург дан деза.

Ненан дог хьостуш хила веза чохь мел волу доьзалхо, цо аьлларг деш а, цунна хIун оьшу хьожуш а. Вашас йишин сий дан деза, йишас вешин сий дан деза, вовшашлахь барт хила беза. Барт болчу доьзалехь ийман а, беркат а хир ду.

47. Нахана юккъехь лела хаар муха хила деза?

Уггар хьалха, шен къоман гIиллакхаш девзаш а, уьш лардеш а хила веза стаг. Ша кхечу махка хьошалгIа воьдуш, бухарчу къоман гIиллакхаш девзаш а, уьш лардан хууш а хила веза. Нахана юккъехь лела хаар оцу гIиллакхашца доьзна ду. Шуьнехь а, хьошалгIа вахначохь а, духарца, буьйцучу маттаца, кхача баарца оьздангалла ларъян а хаа деза.

48. ДоттагI вешин метта ларар муха ду?

ЦIенна тIедеъначу диканан а, вонан а вашас санна, дакъа ларца декхар ду доттагIчо. Шен йижарийн сий санна, лардан декхар ду доттагIчо шен доттагIчун йижарийн сий а. Цхьа кхерам тIехIоьттинчу меттехь ваша санна, цунна юххе дIахIотта декхарийлахь ву иза. Цундела лору доттагI вешин метта.

49. Дуйбиъна доттагI хIунда аьлла?

Шеца уьйр лаьцна, тIелесташ, доттагIалла дезаш волу стаг невзаш вацахь, аренца хало тIехIоьттинчохь гIо-накъосталла дина зевелла, билгалваьлла а вацахь, дуй боуьйтуш хилла, шена

тешнабехк ца байта а, ямартло ца яйта а. Цунах олуш хилла «Дуйбиъна доттагI».

50. Мича хьелашкахь юкъадаьлла доттагIчуьнга тешамна дуй баийтар?

Хьал-даьхни долуш велахь шена къола дан къуйн аьтто баккхарна кхоьруш, шен йижарий белахь, цуьнан цаьрца хьарама ойла кхоллаяларна кхоьруш, лурвоьлла велахь, чIирхошна ша вен аьтто баккхарна кхоьруш, моттоьхча Iедало лоцур волуш, казенни герз я дешин къайле йолуш хIума делахь, шена моттохарна кхоьруш боуьйтуш хилла тешамна дуй.

51. Муха хила деза хьаша тIеэцар, цунна хьошалла дар?

Вай дайн кица ду, хьаша духаре хьажжий тIеэца, хьекъале хьажжий новкъаваккха аьлла. ХIусамдас хьаша тIеоьцу, цо салам деллачул тIаьхьа, цуьнгара салам схьа а оьций, «маршавогIийла хьо» олий хьалха цуьнга куьг дIакховдош. Цул тIаьхьа чувуьгу, баьрче воккхий охьахааво, хьал-де хотту, мичара мила ву хьожу, кийча ерриг яахIума хьалхахIоттайо. Цо хIума йиъначул тIаьхьа, «хьо хIун гIуллакх долуш веънера» олий хотту. Цуьнан гIуллакх а дой, цунна хьешан кхача а баабой иза новкъавоккху.

52. ГIалахь Иван а вац, юьртахь Салман а вац хьанна аьлла?

ГIалахь Иван а вац, юьртахь Салман а вац аьлла, цхьана а гIуллакхна пайдехь воцчу ледарчу стагана.

53. Муха ду вовшашка салам далар?

Пхийтта шо кхаьчна кIант, беральа дIаяьлла, къонахийн магIара лору.

Царна тIехь доллу декхарш ду цунна тIехь а. Салам дала а, салам схьаэца а магийтина цунна. Пхийтта шо кхаьчна йоI маре яха мегаш ду.

Воккхачуьнга салам дала жимачунна эхь хетадела, воккхачо жимчуьнга луш ду салам. Жимачун гIиллакх ду воккхачун Iуьйредикаяр, дедикадар, суьйредикаяр, буьйсадикаяр.

54. ХIун декхарш тIеэца деза пхийтта шо кхаьчначу кIанта а, йоIа а?

Пхийтта шо кхаьчча кIантана цIийнан Iу хилар тIедужу, йоIана цIийнан нана хилар тIедужу. КIентан хьаша-да тIеэца а, хьал-де хатта а бакъо ю, шен цIахь, кертахь бахамах жоп дала а бакъо ю.

ЙоIа шен ненера цIеноналла схьаоьцу, юург яр а, шел кегийчийн терго яр а, чохь, кертахь гIуллакхаш дар а.

55. Мича меха ду тIевеъначунна хьалагIаттар, воккхачунна некъбитар?

ТIевеъначунна хьалагIаттар, воккхачунна некъбитар цаьрца лерам хилар а, шегахь гIиллакх хилар а ду. Оцу гIиллакхо вовшашка лерам сабокхху, вовшашца марзо кхуллу.

56. Зудчо къонахчунна некъбитар муха ду, цуьнан хIун маьIна ду?

Зудчо къонахчунна некъ буьту, доьзална напгIа латто дезаш, доьзалх жоп дала дезаш, доьзалан да иза волу дела, Даймехкан декхарш цунна тIехь алсам долу дела, арахьара кхерам тIебеъча Даймохк ларбан дIахIотта дезаш верг иза волу дела.

57. НеIарх чу-ара бовлуш йоI, кIант дуьхь-дуьхьал нисделча юха муьлхарг волу?

Чу-ара бовлуш йоI, кIант неIарехь дуьхь-дуьхьал нисделча, кIант юхавала веза, цуьнан сий лара ша декхарийлахь хиларна, цунах дIахьакхавала шен бакъо цахиларна.

58. Муха ду кIентан, йоьIан вовшашка безам кхоллабалар?

КIентан, йоьIан вовшашка безам кхоллало вовшен довзаран хьелашкахь, вовшен амалаш, гIиллакхаш тайча, вовшашкахь хьекъал, ийман хиларе хьаьжжина, деш долчу гIуллакхашка оьздангалле хьаьжжина.

59. ХIун гIиллакхаш лардан деза кIантий, йоIий вовшашца йолчу юкъаметтигашкахь?

КIанта йоьIан сий лардан деза, эвхьазло юкъа ца йолуьйтуш, вовшашца гIиллакх лело деза, мотт-эладитах лардала хаа деза. Вовшашца къамел деш, меттан оьздангалла ларъян еза, куралла, сонталла йоцуш, хила беза вовшашца лерам, вовшашна вас хинйолу хIума лардан деза.

60. Муха хилла вайн къонахаша зударийн сий лардар?

ЙоI ловзаргахь хелхайолуш, цахууш, кIентан цуьнан дегIах куьг хьакхаделча, йоьIан вашас я цуьнан верасо кIантана шаьлта тухуш хилла, йоI маьттазйоккхуш, хьарамонца цунна тIекхевдинарг вуьйш хилла я верал а оьшуш таIзар деш хилла.ЙоI бертаза ядийнарг вен хьакъ ву олуш ду. ЙоьIан сийдар, хинйолчу ненан сийдар санна ду.

61. ХIун лардан деза зуда яло дагадеанчу кIанта а, цуьнга маре яха дош деллачу йоIа а?

Зуда яло дагадеаначу кIанта, ша тIехьийзаш йолчу йоьIан дай, наний, цуьнан верасаш шена реза ца хинболу гIалат шегара ца долуьйту, къаьркъа молуш хиллехь, къаьркъа а дуьту, ахаваьлла лелаш велахь, чохь, кертахь гIуллакх деш, шен цIен тIе воьрзу, йоIана ша делла дош лар до. ЙоIа, мелла а, шен амал хуьйцу, дикачу агIор ша йовзуьйтуш, гIуллакх дарца а, ийманехь, гIиллакхехь хиларца а. Цо а лардан деза ша кIантана делла дош, питаме даьндерг, мотт-эладита долондерг шегара ца долуьйтуш.

62. КІантана хан а йиллина, кара хІума а елла Іаш йолчу йоьІан ойла хийцаелча, кхечуьнга маре яха бакъо ю я яц?

КІантана дош а делла, тешамна кара хІума а елла Іаш йолчу йоьІан кхечуьнга маре яха бакъо яц, гучудаьлла бахьана а доцуш.

Нагахь санна ша хан йилланчул тІаьхьа, и кІант анаша узуш хилар, я маха тухуш хилар, я и санна сакхте дерг гучудаьлча, тІакхха бакъо ю оцу йоьІан и захало дохо, цуьнга маре ца яха.

63. Шена хан а йиллина, тешамна караелла хІума а йолуш, и йоІ, кхин бахьана а доцуш, кхечуьнга маре яхча кІанта хІу дан деза?

Шена хан йиллина йоІ кхечуьнга маре яхча, оьгІазло хьалха а ца йоккхуш, элхьамдулиллахІ, Далла хастам бу хьайн дешан да йоцчу, кхин тешам боцчу, сел гІиллакх доцчу хьоьца сан кхоллам ца хилла аьлла, цо кара елла хІума цунна хьалха охьа а кхоьссина, юхаван веза.

64. КІантана хан а йиллина, тешамна кара хІума а елла Іаш йолчу йоІа, ша дохкояьлча, хІун дан деза?

КІантана хан а йиллина, тешамна кара хІума а елла Іаш йолчу йоІа, ша дохкояларан бахьана цу кІанте дийца деза, иза шена къинтІера а воккхуш. ЙоІ дохкояллал кІантера ледарло ца яьллехь, иза дохкояла бахьана дацахь, кІентан дас йоьІан деца барт бан беза, захалон хьокъехь.

65. Муха хила деза кІанта зуда ялор, йоІ маре яхар?

КІанта, шена зуда яло дагадеача, йоІ лаха еза. Шен ойла тІеяхна йоІ йовза хьажа веза, цуьнан амалашца, гІиллакхашца, оьздангаллица, хьекъалца, ийманца, цо дечу гІуллакхашца шеца тарлур ю, яц а хьожуш. Ша цунна резахиллачул тІаьхьа нене а, ненехула дега а, йоІана ша резахилар хаийта деза. Дай, наний цу йоІана резахиллачул тІаьхьа йоІ шега ян реза ю, яц хьажа веза.

КIант, йоI вовшашна резахиллачул тIаьхьа и йоI йолчу дегий, неней захало хьахадо. Оцу захалонна уьш резахилахь цара билгалдаьккхинчу дийнахь нускал дIадуьгу, и ший а могуш хиларан тоьшаллица.

66. Кху заманахь муха хила деза захало дар?

Кху заманахь кIанта зуда ялор, йоI маре яхар, мах бар урдо диллар, там бахьар нохчийн республикин бусалба динан урхалло, маьждаган имамаша магийначу кепехь хила деза, совдолу хIуманаш а ца лелош.

67. Зудчух там бехар, там баккхар, там бахьар хIун башхо йолуш ду?

Цхьана хенахь, йоI маре яхча, там боьхуш а, боккхуш а, хьош а хилла. Церан башхо: йоI йолчу дайша томана ян езачу хIуманийн цIе тохар, там бехар ю. Лаахь а, ца лаахь а, и йоI йигначу нехан таро елахь а, яцахь а, томана иза я важа ян еза аьлла, цIе тоьхна баьккхинчу томах, йоIах баьккхина там олуш хилла. Томана шайна луъург я йоI йолчу дайша аьлча, томана яьхьначух, йоIахь там баьхьна олуш хилла. ЙоIах там бехар а, баккхар а гIиллакхехь ца лерина. ЙоI йигначара шайн лаамехь там бахьар гIиллакхехь лерина.

68. Зуда ялийча томана хIун хьош хилла хьалха заманчохь?

Хьалха заманчохь зуда ялийча томана хьош хилла: берстана уьстагI, шекаран гали, чайнан пачканаш (йоI маре яхча, иза декъалъян баьхкинчарна шун хIотто), нанна, йижаршна совгIатна кучан кIадеш (5 – 6 кучан кIади), денанна кIеда бой, чубаьхкинчу кегийчу нахана оза цигаьрканаш (20 – 30 доьллуш долу гIутакх).

69. Зуда ялош замой бахар муха хила деза?

Зуда ялош замой бахар пхеа машенца хила деза. Хьалхарчу машенахь зуда ялош волчун кхоччера гергара стаг хила веза, шен

накъосташца. ШозлагIчу машенахь далош долу нускал хила деза, цуьнца цуьнан гIоьнча а, маьрйиша а хила еза, шоферца хьалхахьа Iаш марваша я доттагI хила веза. КхозлагIчу машенахь зудчун мах бан вигна молла а, ши теш а, зуда ялош волчун верас а хила веза. Вукху шина машенахь зуда ялош волчун гергара мехкарий, кегий нах хила беза (цхьана машенахь кегий нах, вукху машенахь мехкарий). Герз кхиссар, бехкам бина, дIадаккха деза, иза цхьана а гIиллакхца догIуш дац. Тохара хьалха, нускал цIакхаьчча цкъа шозза кхуссуш хилла герз, ловзар дIахIуттуш дуйла хоуьйтуш. Нускал тIехь долчу машенан хьалхарчу капота тIе кIайн, сийна, баьццара бос болу кхоъ кIади йоьхку: «Безам», «Тешам», «Ийман» бохучу маьIнехь. Хьалха, машенан цIийнал лакха доккхуш, кирхьа тосу (кIайн кIади). Машенах бес-бесар лоппагаш тийсар, машена шина мухаран сурт хIоттор, капота тIе тайниг хаор вайн гIиллакхашца догIуш дац, иза оьрсаша деш ду.

70. Муха хила деза нус гучуяккхар?

Зуда ялийна ловзар дIадирзинчул тIаьхьа, цхьа де билгал а доккхий, нус гучуйоккху. Нускална марзой, гергара нах бовзийта деш ду иза. Цу дийнахь, нус декъалъян, совгIаташ дохьуш богIу зуда ялийначун доттагIий, гергара нах, зударий а, божарий а.

Марнанас, я марйишас шайн несана уьш бовзуьйту, дегахьара а, ненехьара а хIун гергарло долуш бу хоуьйтуш, нускална несалла хьаьнца лело деза а, цIерш муха кхаба еза а хоуьйтуш. СовгIаташ дохьуш, баьхкинчара несе мотт бостуьйту, совгIаташ дIа а луш, цхьацца забарш а еш. Масала, чайнаца лело гIирс белахь «басар даккха Iамалахь!» я «яй тIех ма баийталахь!»

71. Муха хила деза нускале мотт бастийтар?

Зуда ялийначу ловзарга баьхкинчу хьешашна – бехкечу нахана шун хIоттадо. Цу шуьнехь нускале мотт бостуьйту, тхьамдас нускале мала хи а доьхий. Цуьнгара зока схьа а оьций, «хIара хи малий ас?» олу. Нускало «мала» олу. «ХIара хи молуш мел волчунна йоьзийла хьо» олий, хи дIамолу. Цунна совгIатна а,

шуьнан беркатна а стоьла тІе, бошхепа чу, ахча дуьллу, шена луъучу барамехь. Тхьамдас мотт бастийтича, иза цу чохь мелболчарна тІера долуш ду. Цара а ахчанаш охьатосу, вовшашца забарш а еш: «киса ма кхоаде», «бІаьрмециг ма хила», «юьхьара ма кхийда!»

72. Муха хила деза невцалгІа вахар?

Зуда ялийначул тІаьхьа, дукха хан ялале невцалгІа воьду жимастаг, нуц вогІу олий, хаам а бой. Шиъ-кхоъ хилча тоьуш ду невцан накъост.

НевцалгІа воьдуш уьстагІ хьо, и лело аьтто боцчо бежанан гІогІ хьо. Бухахь и зуда йолчийн кхоччара гергара нах хуьлу. Невцана цигахь бевза ша невцалла лело дезаш болу стунцахой. Церан сийдеш, охьа ца хууш, ирахь лаьтта нуц.

ШозлагІчу дийнахь шеца накъост юххе а воккхий, баккхийчеран чухІуттуш, чекхволу нуц, ша царна вовзуьйтуш а, шена уьш бовза а.

73. Невцана дашо сахьт дала оьшуш дуй?

Невцана дашо сахьт дала догІуш дац. Иза юкъадаккхар зуламе ду. ЙоІ маре яхийта дезаш болчу нанойн и ца оьшу хІумнаш лело таронаш яц.

Шен зудчуьнга невцана дашо сахьт оьцуьйтуш верг а, и сахьт схьаоьцуш волу нуц а къонах вац.

74. Нускал далош богІучийн некълацар хьалха заманахь муха хилла?

Пайтонахь нускал далош богІучу замошца пондарчий, вотанчий хуьлуш хилла, фургонашкахь дуккха а мехкарий, говрашкахь кегий нах а хилла. Пондаран эшарца йогІуш вота а тухуш, кегийчу наха говраш а хоьхкуш богІуш хилла замой. Юьртахула замой чекхбовлуш, дуьхьалнисбеллачех воккхачо, некъ а лоций, сацош хилла уьш. Замошна коьртехь волчу тхьамдас пондарчий, вотанчий охьа а воккхий, мехкарий охьа а бохий, хелхаран бал

боккхуьйтуш хилла. Цигахь ловзар хIоттош ца хилла. Цхьа шиъ хелхаран бал а боккхий, массара а нускал декъал а дой, баркалла а олий, замой дIабохуьйтуш хилла. Иза оцу сийлахьчу ламастан хама бар, лерам бар ду. Замошца болчу кегийчу наха мехкаршна шаьш тIахъаьлла хилар гойтуш, говраш хьовзош а, кирхьа (кIайн дарин кийсак) дадош а хилла. Кирхьа, дIасхьа изош, къовса магош ца хилла. Говр хаьххина вогIург шел хьалха ваьлча, и карахь долчо дIакховдадой, дIалуш хилла. Кирхьа дохьуш веъначунна зуда ялош волчу кIентан дас, нанас хазачу кхоана совгIат луш хилла, бустамаш долу чоа, я маьхьсеш, я башлакх, я шаьлтий, доьххий. «кIай нускал», «кIай духар», «кIай кирхьа» и кхо хIума цхьаьна догIуш сийлахьа лерина ду.

75. ХIинца муха ду нускал далош богIучийн некъ лацар?

ХIокху заман чохь нускал далош богIучийн некъ лаца бакъо яц, уьш машенашца хиларна. Къаьркъанан шиша даккха, я ахчанах хIума яккха, нускал далош болчеран некъ лоцу бохуш, дуьхьал трактор хIоттош, я бетонан блок некъа тIе юьллуш, я дуьхьал аьчкан серий туьйсуш хьаштдоцурш леладо. Иза некъ лацар дац. Нускал далош болчийн некъ бохор ду. И сурт хIоттош верг човхийна а, кхерийна а, тоьхна а хьалхара дIаваккха бакъо ю оцу замошна дола деш волчун.

76. НевцалгIа вахначуьнга къаьркъа эцийтар муха ду, иза гIиллакхашца догIуш ду я дац?

Къаьркъа вайна хьарам дина хиларна, иза нуц веъначу метте чу ца даийта, хIусамдас бехкам бина хила дезаш ду. Бухахь болчара невце къаьркъа хила деза бахахь, кIоршаме а ца олуш, къаьркъа малар хьарам дина ду, со сайна бехкечу хIусамехь ву, хIара хIусам, шуна къаьркъа а эцна, эвхьазъяккха сан бакъо яц, ала деза. Нуц веъначохь къаьркъа юкъадаккхар гIиллакхехь дац.

77. Нускална ден цIера чамданаш яхьар муха ду?

Ца оьшуш юкъадаьккхина ду нускална ден цIера чамданаш яхьар. Иза яккхийра таронаш йолчара, сонталла, цIарна юкъа-

даькккхина ду. Маре яхначу шайн йоІана цІера дІахьуш йолу хІума, гали чохь хьуш елахь а, чамди чохь хьуш елахь а кхайкхо, нахалаяккха оьшуш дац, цунах дозалла дойла яц.

78. Захалонаш дохар, зударий битар мича бахьнашца ду?

Захалонаш дохар, зударий битар дуккха а бахьанашца ду. Уьш дийцина вер а вац. Ламаз деш, марха кхобуш, хьанал рицкъ дууш белахь, деш долу гІуллакх бисмилла олуш дахь, шен чохь, кертахь Делан цІе йоккхуш, элчанна салават дуьллуш, вовшашка лерам болуш, вовшийн терго еш, воккхачо бохург деш болчу доьзалехь барт а хир бу, имий, беркат а хир ду, цу кертара зуда ийгІина гІур яц. Деш ламаз а доцуш, дас, нанас бохург а ца деш, къаьркъа мелла чувеъча зудчух а леташ цІийнда велахь, и зуда цуьнгахь Іийр яц, иза дІагІур ю. И захало духур ду. Марнаний, марда тергал а ца деш, деш ламаз а доцуш, етт оза а ца туьгуш, кертахь асар дан а, котам лело а ца лууш, мІараш а яхйина, юьхь тІе басарш а хьоькхуш эвлаюккъе лела лууш йолу зуда йитина дІайохуьйтур ю.

79. Дай, наной дийна боллушехь, бераш байлахь дисар муха ду?

Зуда цІийндена муьтІахь а елахь, цІийнда шен доьзална доладеш, къинхетаме а велахь и доьзал бухур бац. ЦІийнда шен доьзал тергал а ца беш, къаьркъа муьйлуш, я анаша узуш, я маха тухуш галваьлла лелаш велахь, зуда цуьнан бала ловш, цунна дина бераш кхобуш Іийр яц. Хьалакхиъча шайн дех хилларг хир ю-кх шух а аьлла, бераш деца а дитина дІагІур ю. И санна долчу бахьнашца дуьсу бераш байлахь, дай, наний дийна доллушехь.

80. Дайша, наноша, маьждиган имамаша, юьртдайша хІун дан деза доьзалш цабохийта?

Маьждиган имамаш, юьртдай декхарийлахь бу барт боьхначу доьзалехь хІоьттина хьал довза, и барт бохаран бахьанаш хІун ду

хьовса. Цу доьзалехь вовшашна ца товш сакхте, айпе дерш, барт бохаран бахьанаш дIадахийта, царна хьехарш дан, церан барт бан.

81. ХIун башхо йолуш ду захало хьахьор а, йоI ехар а?

ЙоI, кIант вовшашна резахилча, оцу йоьIан дегий, неней захало дIахьахадо, уьш резабелахь, йоI маре дIаюьгу. Иза бертахь деш захало ду. ЙоI кIантана реза елахь а, яцахь а цуьнан дена бехке нах тIе а бохуьйтий йоьхуьйтуш хилла, иза ехча ца яла аьтто боцчу хьелашкахь. Масала, хьалха церан стаг вийна чIир йолуш хиллехь, йоьIан дас бертаза маре дIалуш хилла. Иза йоккха харцо ю. ЙоIа, оцу бахьанашца, ша бертаза маре дIалуш хилча, ша чIирана луш елахь, ен пурба ду шуна, олуш а хилла.

82. ХIун сакхташ хуьлу стагана, зудчунна тIехь церан сийдойуш?

Ламаз цадар, марха цакхабар, къаьркъа мийлар, анаша ийзар, мехий деттар, къоланаш дар, тешам бацар, мотт-эладита лелор, гIиллакх дацар, аьшпаш биттар, хьагI йолуш хилар, догъIаьржа хилар, пис хилар, цIармата хилар, суьпа хилар, бIаьрмециг хилар, мот тухуш хилар, питаме хилар, дастама лелар царех муьлхха а сакхат шеца долчу стеган а, зудчун а сий хир дац.

83. ХIунда хотту стаг вовза луучо, шен дешан да вуй иза олий?

Шен дешан да воцург къонах ца лерина вайн дайша. Ша дийр ду аьлла тIелаьцна гIуллакх кхочуш цадар, шен дешан да цахилар ду. Иза йоккха ледарло лерина.

84. Стаг сутара, цIармата, бIаьрмециг, пис, суьпа ву стенна олуш ду? Царна юккъехь хIун башхо ю?

Сутара хилар хIуманах цаIабар ду. ЦIармата хилар карара хIума дIа ца хецалуш хилар ду. БIаьрмециг хилар шен бIаьрг тIе мел хIутту хIума тIех дезар, шен долуш дерг кхечуьнга кхачий-

та цалаар ду. Пис хилар йоьхна мача а, пайденна йоцу, ца оьшу хIума новкъара дIа ца яккхар ду. Суьпа хилар эшахь а, ца эшахь а хIума нахачул тIехдаьккхина лело гIертар ду.

85. Къу вехаш хIунда ца хуьлу?

Лачкъийна хIуманах тIаьхьало ян мегаш яц. Лачкъийна карадеанарг кхоам боцуш карара доккху, лачкъийначу хIуманах имий, беркат ца хуьлу, хьанала болх ца беш, шен цIенна гIулакх ца деш, хIума лачкъо аьтто лоьхуш эрна хан-зама йойу. Цундела къу вехаш ца хуьлу.

86. Хьарама биначу бахамах, хьарама гулдинчу ахчанах беркат хIунда ца хуьлу?

ШайтIанан лаамца, нехан неIалтаца карадеъначух беркат ца хуьлу.

87. «Шиммо оху, ворхIаммо куьйгаш лестадо» бохучу кицанан хIун маьIна ду?

Масала, цхьа йоккха гIишло еш бу нах. Шиъ, и гIишло йина ялийта гIерташ, доггах тасавелла болх беш ву, вуьш маьI-маьIнехь дIа а хIуьттий, цигаьрканаш уьйзуш лаьтта, омарш деш, маьхьарий а детташ, шаьш цхьа хIума дечуха моттаргIанаш лелош.

Царна оцу ечу гIишлонан бала бац. «Къемат-шо дагIахьара хIара кхочушхилале!» бохург ду церан дагахь. Цунна далийна ду и кица.

88. «Цхьаммо зIокберг етта, кхоъ тIехIоьттина хьоьжуш лаьтта» бохучу кицанан хIун маьIна ду?

Болх беш болчарна тIехIиттина хьакамаш дукха бу бохург ду иза.

89. «Дашо нуьйр тилларх вирах дин ца хуьлу» бохучу кицанан хIун маьIна ду?

Даржана лакха ваккхарх, воцчух къонах ца хуьлу бохург ду иза.

90. «Со кхузара а вац, говр сан а яц» бохучу кицанан хIун маьIна ду?

Нехан (шен бала боцчу меттехь) цIеххьана хиллачу цхьана талорна тоьшалла деш я дакъалоцуш юкъаваха цалаар ду цуьнан маьIна.

91. «Таро елхьара зуда ялор яра, ахча делхьара етт оьцур бара, шийла яцахьара дечке гIур вара, меца вацахьара болх бийр бара» хьан аьлла?

Ваха ца хууш, мало йолуш волчу, ледарчу стага аьлла.

92. «Зингато меран дукъ а лаьцна, Iин чу такхо къонах ву» хьанна аьлла?

Къола дан болхахь а, зуда ядо болхахь а, миччахьа а, ша дIаозийначу воьдуш волчу, шен лаамехь воцчу стагана аьлла.

93. «ТIам а тIехь гIабакх а йиъна, цIога а тIехь неI хьуьй къонах ву» хьанна аьлла?

«Доьша» даа бен, цхьана а хIуманна пайдехь воцчу стагана аьлла.

94. ХIун башхо ю гIиллакхний, оьздангаллиний юккъехь?

ГIиллакх нахаца лерам болуш, кIеда-мерза хиларца, нахана диканиг лаарца, нахана юккъехь лела хаарца, эшначохь гIонакъосталла дарца, деш долчу гIуллакхашца доьзна ду. Оьздангалла дегI, тIера бедар цIена лелорца, дог-ойла цIена хиларца, мотт цIена бийцарца, куц-кеп ларъян хаарца доьзна ю.

95. Ши стаг дуьхь-дуьхьал вогIуш, вовшашна тIехвалар муха хила деза?

Ши стаг дуьхь-дуьхьал вогIуш, вовшашна тIехвалар шена дуьхьал вогIуш верг аьтто агIор вуьтуш хила деза. ХIунда аьлча вовшашка маршалла хоттуш аьтту куьг лоцуш хиларна.

96. Хьаша тIеоьцуш, хIусаме иза чувуьгуш хьалха муьлханиг вала веза, хьаша я хIусамда?

Хьаша хIусаме чувуьгуш хIусамда хьалхавала веза, чохь болчу доьзале хьаша вогIийла хоуьйтуш а, хьешана чоь чуван маьрша йоккхуш а. Хьаша баьрче воккхий, охьахааво.

97. ГIаш новкъа воьдуш кхо стаг велахь царех воккханиг муьлхачу метте хIотта веза?

ГIаш новкъа воьдуш кхо стаг велахь, царех воккханиг юккъе хIотта веза, цул жимах верг цунна аьтту агIор хIотта веза.

98. Зударий, божарий цхьана дIабоьлхуш, божарий хьалха хIунда бовлу?

Зударийн кеп, куц хаза долу дела, божарий хьарамонца царна тIаьхьа ца хьийсийта, хIиттабо божарша зударий шайна тIаьхьа.

99. Нохчичо нохчичуьнга нохчий мотт буьйцуш ца хилча цунах нохчо ву ала догIуш дуй?

Нохчичо нохчичуьнга нохчийн мотт ца бийцахь цунах нохчо ву ала догIуш дац. ХIунда аьлча буьйцучу маттах билгалвоккху стаг, иза мича къомах ву.

100. Шен маттах цавашар хIун ду?

Шен маттах цавашар – ша-шех цавашар, шен къомах ца вашар, шегахь яхь ца хилар, ша къонах ца хилар ду.

101. Нохчийн маттаца бен, нохчийн гІиллакхаш лелалур дуй?

Нохчийн къоман сибат кхаа меженах кхоллалуш ду: буьйцучу маттах, тІерачу духарх, гІиллакхех. Нохчийн мотт нохчийн гІиллакхех къаста йиш йолуш бац. Масала, веллачух кадам бан тезета вахча нохчийн маттахь «Дала гечдойла цунна» олу.

«Пусть господь помилует его» цо аьлча, иза коьртах телхина моьттуш, тезетахь берш бийлалур бара. Ша нохчи воллушехь нохчийн мотт ца бийцар, шегахь гІиллакх ца хилар, шен къомаца лерам цахилар ду.

102. Нохчийн мотт, оьрсийн мотт эбина бийцар муха ду?

Нохчийн мотт, оьрсийн мотт эбина бийцар оцу шина а меттан оьздангалла йуохош ду. Иза магийтар оцу шина а меттан сийцадар ду. Шен мотт бийца ца хаахь Іамо беза, шога бийцахь шарба беза, бохийна бийцахь цІена бийца Іама веза.

103. Нохчийн мотт шера а, цІена а бийцийтархьама хІу дан деза?

Нохчийн мотт шера а, цІена а бицийтархьама радио чухула, телевиденехула нохчийн маттахь дуьйцуш дерг, кхин дешнаш юкъа цаэдойтуш цІена бийцийта беза. Иза пайдехь хир ду вайн махкара кхечу къаьмнех болчарна. Масала, дукха бу нохчийн мотт бийца хууш гІумкий, ногІий, суьйлий иштта кхиберш а.

Уьш а Іемар бу нохчийн мотт цІена бийца.

104. Юьхьанцарчу классашкахь дешар нохчийн маттахь ца хилча буьззина нохчийн мотт бийца хуур дуй тІекхуьучу чкъурана.

Юьхьанцарчу классашкахь дешар нохчийн маттахь ца хилахь тІекхуьучу чкъурана буьззина нохчийн мотт бийца хуур дац.

Дагардаран хьесап а нохчийн маттера дІадер ду, Іаламан хьелаш нохчийн маттахь дийца хуур дац, акхаройх, олхазарех, дит-

тех, бецех, кхидолчу ораматех, дийнатех нохчийн маттахь хIун олу хуур дац.

105. Юьхьанцарчу классашкахь дешар нохчийн матте даккха таро юй хIинца долчу хьелашкахь?

Юьхьанцарчу классашкахь дешар нохчийн матте даккха таро ю хIинца долчу хьелашкахь. ХIинца болчу хьехархошна нохчийн мотт а хаьа, оьрсийн мотт а хаьа. ХIинца йолчу учебникашца нохчийн маттахь дIахьехалур ду царна лаахь ча, борз, цхьогал, пхьагал, хиш, лаьмнаш, хьаннаш, дохк, марха, догIа нохчийн маттахь ала йиш ю. Пятью пять двадцать пять олучохь, пхоьазза пхиъ ткъей пхиъ, шозза шиъ диъ ду а алалур ду. Телхина дерг оцу хьехархошна иза ала ца лаар ду. Урок «пение», «рисование» нохчийн маттахь дIаяхьалур ю, нохчийн мотт бийца царна лаахь.

106. Мобильни телефонаш цхьаьна декъехь оьшуш хилар а, вукху декъех кегийрхошна зуламе хилар а муха ду?

Мобильни телефонаш дуккха а гIуллакхашна оьшуш ю генахь болчаьргара хьал-де хаа, вовшашка къамел дан, оьшург ала… ШозлагIчу декъехь мехкаршний, кегийчу наханий юккъехь эвхьазлонаш кхоллар, дастамаллаш, маьттазлонаш цаьрца гайтар зуламе ду. Цара вовшех тешам бойу, херо кхуллу, зуда ялор, маре яхар тешам боцчу доккху.

107. Муха хила деза нохчийн къоман духар?

Нохчийн къоман духар вайн дайша ма-леллора хила деза, къонахийн сура куй, бустамаш долу чоий, кхелина шаьлтий, доьхкий, гIовтал, вертий, башлакх, маьхьсеш. Мехкарийн кIайн шифонан гIабалий, дато доьхкий, туьйдаргаш, туфлеш. ГIаблешна тIе истанган бустамаш хIиттор вайн къоман духарца догIуш дац. Бустамаш хIиттор гIумкийн, ногIийн, гIезалойн духаршца ду.

108. Юьртахойн самукъадоккхуш а, кегийрхойн корматаллаш гучуйохуш а, уьш кхетош-кхио а хIун тайпа белхаш хила беза культурин кхерчашкахь?

Культурин кхерчашкахь дечиг-пондар, кехат-пондар, Iадхьокху пондар лакха Iамош, эшарш лакха, иллеш ала Iамош кружокаш хила еза, денош билгал а даьхна, болх беш. И белхаш бан пачхьалкхо алапа луш говзанчаш бу: художественный руководитель, хелхар Iамош балетмейстер, иллеш, эшарш Iамош хормейстер, пондарш Iамош концертмейстер, театран актераш Iамош драматически кружок. Бакъ ду, оцу культуран кхерчахь хIора кIирнах цкъа буьйсанна беш синкъерамаш хила беза. Иза бу зуда ялоран, йоI маре яхаран, захало кхолларан бух. Кегийрхой кхетош-кхиоран болх дуккха а кепашца бу. Масала, беркате, бертахь доьзал декъалбар, и доьзал бовзийтар. Нохчийн гIиллакхаш довзийтар, цу юьртахь хилла къонахий, эвлаяаш бовзийтар, яздархошца, Iилманчашца цхьанакхетар, Iеламнахе хьехамаш байтар, юьртарчу нехан корматаллаш йовзийтар, эшарийн, иллийн, хелхарийн концерташ ялийтар. И тайпа белхаш юьртдас, юьртан Iедало, къаноша, Iеламнаха Iуналла деш, шаьш коьртехь лаьтташ дIабахьа беза. И белхаш дIабахьаран цхьа кеп хила еза. Масала: «гIиллакхийн суьйре», «дикачу доьзалийн суьйре», «хеттаршна жоьпаш лун суьйре», «нохчийн литературин суьйре», «ночийн меттан суьйре», «Iалам довзаран суьйре», «оьздангалла йовзаран суьйре», «корматаллийн суьйре», «хьуьнарш къовсаран суьйре», «нохчийн меттан шира дешнаш довзийтаран суьйре», «забаречу дийцарийн суьйре» и.дI. кх.

109. Дезчу дийнахь концерт хIоттош кегийчу нехан, мехкарийн сцени тIехь дIахIиттар муха хила деза?

Кегий нах, мехкарий сцени тIехь цхьана могIара хIиттош белахь, зала чуьра дIахаьжча, кегий нах аьтту агIор хIитто беза.

Цаьрга вистхила хьалаволуш верг аьтту агIор болчу лами тIехула хьала вала веза, кегийчу нехан куьг лоцуш, иза аьтту агIор дIаваха везаш хиларна, мехкаршна тIекхаьччи, цаьрга вист а хуьлуш.

Сцени тІе хьалайолуш ерг зуда елахь, иза аьрру агІор болчу лами тІехула хьала яла еза, аьрру агІор лаьтташ берш мехкарий хиларна. Кегий нах, мехкарий сцени тІехь дуккха а могІанаш дина дІахІиттош белахь, кегий нах-божарий хьалхарчу могІаршкахь хила беза, кегийчу нехан мехкаршна тІехьаша тІехьийсар гІиллакхехь доцу дела.

110. Муха ду несарша марзойн цІерш кхабар?

Несарша цІерш кхабар марзошка болчу лерамашца ду. Марненах «Мама», мардех «Дада» олу. Марден дех «Воккха дада» олу. Марненан ненах «Йоккха мама» олу. Марвешех «Хаза кІант» олу. Марйишех «Хаза йоІ» олу. Марден йишех «Деца» олу. Марненан йишех «Неца» олу. КхидІа болчу марзойн цІераш кхабар – «Воккха ваша», «Жимаваша» билгал бахаран хьесапца ду.

111. Муха ду воккхачуьнан Іуьйре дикаяр, суьйре дикаяр, дийнан, буьйсанан хенаш къастор?

Сахилчхьана дуьйна, бажа дІа баххалц, адамаш балха арадовллалц йолчу хенахь «Іуьйре дика хуьлда хьан» олу. Бажа дІа бахана, адамаш балха арадевллачул тІаьхьа, малх бузу хан хиллалц йолчу юкъана, «Де дика хуьлда хьан» олу. Малхбуза-хан хиллачул тІаьхьа, маьркІаж-хан хиллалц йочу юкъана – «Суьйре дика хуьлда хьан» олу. МаьркІажхан хиллачул тІаьхьа, бода чІагІбелча «Буьйса дика хуьлда хьан» олу.

112. ЦІенна тхов туьллуш, я лард юллуш, я керт еш, я муьлхха а цІенна кхин гІуллакх деш волчунна тІенисвелча, хІун ала деза?

«Ирс долуш болх хуьлда хьан» ала деза.

113. Урд охуш, хІума дІаюьйш воллучуьнга хІун ала деза?

Урд охуш, хІума дІаюьйш воллучуьнга «Хьеькъийла хьан» ала деза.

114. Жа дажош, жехь волчуьнга хIун ала деза?

Жа дажош, жехь волчуьнга «Дебийла хьан» ала деза.

115. Делан доьхьа шена мел хилийта тIай туьллуш, я некъ тобеш воллучуьнга хIун ала деза?

Делан доьхьа гIуллакх деш воллучуьнга «Мелехь хуьлда хьан» ала деза.

116. Даго дечиг дахьаш вогIучуьнга хIун ала деза?

Даго дечиг дахьаш вогIучуьнга «ГIоза дагориг хуьлда хьан» ала деза.

117. Даьхнешна дао докъар дохьуш вогIучуьнга хIун ала деза?

Даьхнешна дао докъар дохьуш вогIучуьнга «ГIоза даориг хуьлда хьан» ала деза.

118. ЦIа дина ваьлла, доьзал чуберзийначуьнга хIун ала деза?

ЦIа дина ваьлла, доьзал чуберзийначуьнга «ГIоза дехийла шу кху чохь» ала деза.

119. ХIума юуш болчарна тIекхаьчча хIун ала деза?

ХIума юуш болчарна тIекхаьчча «ГIоза юург хуьлда шун» ала деза.

120. Операци йина я вуьшта цомгуш хилла гIаьттинчуьнга хIун ала деза?

Операци йина я цомгуш хилла гIаьттинчуьнга «Эзар балех волийла хьо» ала деза.

121. Цомгушчунна тIехIоьттича хIун олу?

Цомгушчунна тIехIоьттича «Маршалла хуьлда хьуна» олу, «Дала маршалла дойла хьуна» ала а мега.

122. Юьртара, гергара чувеънаchо, ша араволуш, хIун олу хIусамдега?

Юьртара, гергара чувеънаchо, ша араволуш, хIусамдега «Iодика йойла шун» ала деза.

123. Генара веънаchо хIун ала деза хIусамдега, ша дIавоьдуш?

Генара веънаchо, ша хIусамда волчуьра дIаваха араволуш, «Iодика йойла шун, марша Iойла» ала деза.

124. Хьешо, ша нехан хIусаме чоьхьаволуш, хIун ала деза?

Хьешо, ша нехан хIусаме чоьхьаволуш, «Дика мел дерг догIийла кху чу» ала деза.

125. ХIусамдас цунна дуьхьал хIун олу?

ХIусамдас цунна дуьхьал «Диканца дукха вехийла» олу.

126. Хьешаша, шаьш хIума йиъна бевлла, элхьамдулиллахI аьллачул тIаьхьа хIун ала деза?

Хьешаша шаьш хIума йиъначул тIаьхьа хIусамдайшка «Йиънарг, мелларг Дала сагIа йойла, имий, беркат шорта лаьттийла» ала деза.

127. Керла доьзалхо дуьненчу ваьлча, кIант вича, я йоI йича хIун олу?

Дуьненчу яьлларг йоI елахь «ВорхI вешин йиша хуьлда» олу. КIант велахь «ВорхI вешин ваша хуьлда» олу.

128. Керла машен эцча, тІеюху бедар эцча хІун олу?

Машен эцча а, тІеюху бедар эцча а «ГІоза лела йойла» олу.

129. Новкъа волуш волчуьнга хІун ала деза?

Новкъа волуш волчуьнга «Некъ дика хуьлда хьан» ала деза.

130. Цхьана кхераме долчу гІуллакхе ваха араволуш волчуьнга хІун ала деза?

Ваха араволуш верг цхьана кхерамечу гІуллакхна воьдуш велахь «Дала зенах, зуламах ларвойла хьо» ала деза.

131. Ирахь Іаш я хийистехь захало дуьйцуш йоІ, кІант гича, цу шинге хІун ала деза?

Захало дуьйцуш болучаьрга «Барт цхьаъ хуьлда шун» ала деза. «Дала барт цхьаъ бойла шун» алар кхин а дика ду.

132. Нускал далийначохь мардегий, марненей нус декъалъеш хІун ала деза?

Нускал далийначохь нус декъалъеш мардегий, марненей «Нус декъала хуьлда шун ала деза, Дала шена а, шуна а муьтІахь йойла» олуш а ду.

133. Дов даьллачохь хІун олу?

Дов даьллачохь «Дала маслаІат дойла» олу.

134. Дов дІадирзина маслаІат хилча хІун олу?

Машар бина, дов дІадирзича, «Дала тІаьхье беркате йойла» олу.

135. Жима стаг цхьаъ ша машенахь дIавоьдуш, маре гIуриг хилла цхьаъ ша лаьтташ йоI гича, цу йоIа машенна дуьхьал куьг лаьцнехь, оцу жимачу стага цунна машен сацо еза я ца еза?

Оцу йоIа дуьхьал куьг лаьцча жимачу стага машен сацо еза. ХIун хаьа цхьа цIеххьана сингаттам болуш я бохам хилла цунна вошалла оьшийла. Жимачу стага цуьнга хатта деза «ХIун оьшу хьуна?» аьлла. Вашас авари йина я нана гIала яхначохь цомгуш а хилла, больнице охьайиллина операци еш йолуш, и йоI сихха тIекхача езаш гIуллакх делахь, оцу кIанта иза дIайига еза, цунна вошалла деш. Цуьнан гIуллакхе хьаьжна ша ваьлча, и йоI йолчийн цIа йига а еза, ша цунна вошалла дар хоуьйтуш. Цхьа шен хьаштана иза араяьллехь кIанта цуьнга ала деза: «Хьажахьа, хьо дукхаяхарг, соьца сан нана а яц, я йиша а яц, я нус а яц, хьуна юххеваьлла цхьа а вац. Хьуна тIехь мотт-эладит доладайта, цхьа шеко кхолла сан бакъо яц. «Хьовсийша, хьенехкгIера йоI, сийна бос болчу машенахь, мила ву а ца хуъучу кIантаца дIаяхарийц» эр ду хьуна. Хьо дукхаяхарг, тIаккхахула хьайца нана, я йиша, я ваша цхьаъ воцуш ара ма ялалахь. ХIора сахьт мосазза дели автобус ю эцца схьахIуттуш, цуьнца гIо аьлла, йоI буха а йитина дIаваха веза.

136. ГIиллакхехь доцуш хIун ду кегийчийн дахарехь вайна гуш?

Кегийчу нахана гIиллакхехь дац: ламаз ца дар, марха ца кхабар, рузбана ца вахар, мархин баттахь нахана гуш хIума яар, сегIаз Iийшар, цигаьрка озар, къаьркъа мелла, вехна гайтар, цIеначу метте нех охьакхоссар, миччахьа а дIа а хIоьттина, хIуш даар, маьттаза хабарш дийцар, маьхьарий деттар, шакарш еттар, ца оьшучохь машенашца сигналаш еттар, юьртаюккъехь гIуллакх доцуш машен хехкар, тIехволуш нехан коре хьежар, юхехь лаьттачунна тIе а вирзина, хьоршам тохар, нехан хIуманна тIекхийдар, къола дар, курхалла дар, сов тIехваьлла велавалар, нехан тезетахь велакъежар, хабар дийцар, воккхачунна дуьхьаллер, дас, нанас бохург цадар, ца догIучохь дош алар, нахана лер, аьшпаш боттар, шена хуъушехь харцлер, воккхачунан некъ хадор, тIевеъначунна хьалацагIаттар, эвхьаза багалеяр, сардам боллар, мотт-эладит лелор, шена цахуург дийцар, стаг маьттазвахар,

тIехтохамаш бар, Iиттарш яр, цаоьшу забарш яр, нехан декхар дIа цадалар, зударшца девнаш дахар, беже ца воьдуш бежан ргI йохор, нехан машенна хьалха хийшар и дI. кх.

137. Куцхьарам стаг, куцхьарам зуда стенна аьлла?

Хаза бос-сибат долуш волчу стагехь гIиллакх цахилар гучудаьлча цунна олуш ду – куцхьарам стаг. Иштта олу гIиллакх доцчу зудчунна а – куцхьарам зуда. Иза духарца кечъеллехь а, куц долуш, мел хаза елахь а, цуьнан сий хир дац, цуьнгахь гIиллакх дацахь.

138. Муха хила еза зударийн а, божарийн а оьздангалла?

ТIера духар цIена а, хатI-куц долуш а лелор, куьгийн, когийн мIараш ях ца ялийтар, коьртара месаш тояр, ког а куьг а дегI а цIена лелор, мотт цIена а хаза а бийцар, дIахIоьттина кепехь латтар, болар, дIай-схьай а ца техкаш, хаздар, гIиллакх долуш хилар, кIеда-мерза хилар, дош хаза алар стеган а, зудчун а оьздангалла ю.

139. Арахьара тIевоьдучунна тезетан барч муьлхачу агIор хила беза, я аьтту агIор, я аьрру агIор?

Тезетан барч аьтту агIор хила беза, салам а делла, доIа а дина кадам биначул тIаьхьа куьг лоцуш бухарчо схьакховдош дерг а, тIевахначо дакховдош дерг а аьтту куьг хиларна.

140. Йоккха цхьа тоба тезетана тIеяхча муха хила деза уьш дIа-схьа нисбалар?

Салам а делла, доIа а дина, кадам биначул тIаьхьа, охьаховша декхарийлахь болу баккхий нах, кхоъ велахь а, виъ велахь а, шайла ханна кегийчарна тIекхаьчча, царна лакхахьа охьаховшу. Уьш охьаховшийта меттиг юьтуш, бухарниш охьахуьлу. Оцу баккхийчаьрца болу кегий нах, аьрру агIор, юьстахбовлий, дIахIуьтту. Баьрчехь кадам дIаоьцуш болчарна тIехьа дIахIуьтту оцу веллачун гергарнаш. Хийраниг царна юккъе дIахIоттар догIуш дац.

141. Муха ду тезетахь маралелхар?

Тезетахь вевзаш велахь а, вацахь а, маралелхар догIуш дац, куьг лаьцча тоьуш ду.

142. Кхечу эвлара баьхкина хьеший дIабаха хьалагIевттича, бухахь берш хьала а гIуьттуш цаьрга бистхила тIаьхьагIертар догIуш ду я дац?

Тезетара дIабаха шаьш паргIат битича царех воккхачо марша Iойла олуш ду. Царна тIаьхьагIертар цхьана а гIиллакхца догIуш дац. Цара букъ берзабаллалц ирахьлатта декхар ду. Букъберзийначул тIаьхьа шайн метта охьаховша беза. Нагахь санна оцу баьхкинчаьрца шен гергара стаг велахь а, я цхьаьнца гIуллакх долуш велахь а и гергарло тезетахь лело оьшуш дац я шен гIуллакх тезетахь дийца оьшуш а дац. Тезет нехан ю.

143. Муха ду тезетара арабевлача кегийчу нехан кертал арахьа тобанаш йина латтар?

Тезет долчу нехан кетIахь тобанаш йина латтар, лела цахаар, шайгахь гIиллакх цахилар ду. Тезетара араваьлча, цу кетIара дIа а ваьлла, шен цIа ваха веза.

144. Муха ду, якккхийчу тобанашца тезета тIеоьхуш нах боллушехь, «вай къулхIанаш деша деза» бахар?

Цунна жоп дешначу наха дика лур ду. Делахь а, ас сайна хетарг эр ду.

КъулхIанаш деза хилар вайна хууш ду. Цхьа бисмиллий, цхьайттазза къулхIий дешар ду тезетахь билгалдаьккхинарг. И къулхIанаш оццу барамехь дешна бовлале, уьш юкъахбохуш, тIеоьхуш нах бу. И нах лахбаллалц, къулхIанаш дешар тIе а ца дожош, тезетахь болчара шайн дагахь дешар, мел дIабалар пайдехь хета суна. Вай къулхIанаш деша деза, муьлххачо а алар догIуш дац. И олуш верг тезетан низам лардеш верг хила веза. Дешна волчу Iеламста тезет долчу дегара пурба а доккхуш: «КъулхIанаш

дешийтий вай?» – алар гIиллакхехь ду. Кадам дIаоьцуш болчех волчо ала догIуш дац, «вай къулхIанаш деша деза».

145. Конференци йолуш, я пачхьалкхан дезчу денна вовшахкхеттачохь хIун низам хила деза?

Чохь а, арахь а кхерамазаллина дуьззина жоп лур долуш билгалваькхина цхьа стаг хила веза.Чукхайкхинарш ховша безачу метте охьа ховшош, цаьрга гIовгIанаш ца яйта а, шакарш ца еттийта а, хIуш ца даийта а, сегIазаш ца Iийшийта а, мобилни телефонаш дIаяйийта а, царна дола деш, чуьра низам ларош стаг хила веза.

Президиумехь охьаховшуш болчийн меттигаш билгалъяьхна хила еза, церан даржашка хьаьжжина, уьш охьаховшучу меттехь хIораннан а зорба тоьхна шен-шен фамили а, цIе а йолуш.

Меттигаш билгалйоху, сцени тIехь уьш дIай-схьай ца хьийзийта, ша охьахаа декхар доцчу метте царех стаг охьа ца хаийта. Болх дIаболо хан тIекхача герга яхча, президиумехь берш а, зала чохь берш а охьахевшина хила беза. Массо а охьахевшинчул тIаьхьа, болх дIаболо беза хан тIекхаьчча, чувогIу республикин куьйгалхо. И гIуллакх дIахьош волчо схьахьедо, иза чувогIуш хилар хоуьйтуш, шен даржаца иза билгалваккхаран кепехь. Чохь мел берш хьалагIовтту. Президиумехь берш стоьлана юххера ши гIулч юха бовлу. Республикин куьйгалхо аьтту агIорхьа церан куьг а лоцуш, чекх а воли, шен метте охьахоу. Цул тIаьхьа массо а охьаховшу. Цул тIаьхьа схьакхайкхадо болх дIаболош хилар. Гимн локху. И локхучу хенахь массо а ирахь лаьтта. И гIуллакх дIадахьар пачхьалкхо къобалйиначу кепара дIадахьа дезаш ду. Шег-шегара лело бакъо йолуш дац. Кху тIехь ас и кеп йовзийтар цу гIуллакхна тидам байтаран Iалашо йолуш ду. Цхьайолчу меттехь со гIалатвала а тарло. Цундела хIара ишттa хила деза аьлла тIедожо сан бакъо яц.

Нохчийн къоман гIиллакхех лаьцна хоьттуш долчунна айса жоьпаш далар Iеламнехан а, Iилманчийн а, вайн гIиллакхаш девзаш болчийн а тидаме дуьллу ас, со гIалатваьллехь, и гIалат нисдан а, шеко йолуш меттиг елахь, и шеко дIаяккха а, кхоччуш нийса жоп ца деллехь, и жоп нисда а. Цундела сан дехар ду цунах шайна хеташдерг сайга схьаалар.

ХIЕТАЛ-МЕТАЛШ

ХIетал-метал хаийла хьуна:

Вайн цIечу гIожа тIера кIайн котамаш.

(Цергаш)

Дашо шелаг, дато истанг.

(Шина маьIнехь ду: шелаг дашо ца хуьлу, иза хино дашадо; истанг дато ца хуьлу, иза керчош датадо)

Цхьана тхов кIелара виъ ваша.

(Стоьла кIелара биъ ког)

Биъ ловзуш берг, шиъ Iуттуш ерг, цхьаъ ластош ерг.

(Ешт)

ХьаргIа санна Iаьржа ю, маIа ю, ша сту бац, ялх ког бу.

(Чхьаьвриг)

Когаш а бац, тIемаш ду, хьоза санна бодуш бац.

(ЧIара)

Горгали туху, сахьат а дац, сахилча хоуьйту.

(НIаьна)

Лаьттахула текхаш бу, стаг тIевуьтуш бац.

(Лаьхьа)

Куьйгаш а дац, бел а яц, поппарх хIусам йо.

(ЧIегIардиг)

Хьуьн чохь а, арахь а кетар ю лелош.

(УьстагI)

Ша шайх а вац, маж а лелайо.

(Бож)

Лаьттахула лелаш а ю, стигал гуш а яц. Узарш деш а ю, цомгуш а яц.

(Хьакха)

Шозза дуьнен чу яьлларг.

(Котам)

Шозза дуьнен чу даьлларг

(Олхазар)

Леташ а яц, юсалой а лела. ТІемаш а текхадо.

(Москал-нІаьна)

ЦІе ленаш долу кІай говраш.

(ГІезаш)

Экха а дац, хьоза а дац, тІемашца гІотту, ю а Іутту.

(Чуьрк)

Шена лиъча кхосса а ло, шена лиъча къовза а во.

(Сагал)

Биъ ког ирах а берзийна тховх кхозург.

(Моза)

Шена бедар а ца йо, тукар а доцуш, маха а боцуш маша бо.

(Гезг)

Вайн тІорказ чуьра дараза дарий.

(Яхказчу кхелан чуьра бекъа)

Хи йистера баьццара бохча.

(Пхьид)

БІов боху цо, борз а яц и, латта а охку цо, хьакха а яц и.

(Бумбари)

Дийнахь эла, буьйсанна лай.

(ЖІаьла)

Хина тІай, некъана накъост.

(Говр)

ДУЬНЕНЧОХЬ ДОЦУ ДИЪ ХІУМА

Стигалана хІоттийна лами а бац. Лаьттана тоьхна догІа а дац. ХІурдана тиллина тІай а дац. КІай гомаш а яц.

ВОВШЕХ ТЕРА А ЙОЦУШ, ЦХЬАНА ЦІАРЦА ЕРШ

1. Кхел – говр. Кхел – багара церг, хІума Іовшуш ерг.
2. Ков – гам ирбеш йолу коьчал. Ков – кетІа дугІуш дерг.
3. Лом – экха. Лом – аьчкан лом.

ЦХЬАНА ЭЛПАЦА ЙОККХУ ЦІЕ

Ю – юнаш (шило). У– уй (доска).

КИЦАНАШ

Хийрачу махка вахча дохко волу, кхетам алсам болу.

Даймохк беза яхьйолчу къонахашна.

Даймохк боцуш волу стаг тІам боцу олхазар ду.

Виначу махкахь малх дарбане бу, догІа хьена ду.

ХІордал дехьа хаза делахь а, цІахь гІоле ду.

Хийрачу махкахь бІаьсте а сингаттаме хуьлу.

Ша вина мохк – нана – хийра мохк, десте.

Мерзачу дагалецамаша дагана там бо.

Муьлххачу а цхьогало шен цІога хьестадо.
Экха цуьнан мІарех, бергех девза.
ХІора заманан шен-шен иллеш ду.

Хилларг дІадаьлла, карахь дерг ларде.

Дахар хІорд бац, нека дарх чекхвалалур вац.
Кхана хиндерг Дела Ша воцчунна бен хуур дац.

ДІаяхна зама юхайогІур яц.

Цхьанна шенна хууш ерг къайле ю, шинна хууш ерг аххъайле ю.

МогІанаш дагардеш водахь, дІай-схьай ма хьежа.

Къуьйсуш хила, тІехьаша ладугІуш хила.

ТІемалочо тІом бо, зудчо цІахь сагатдо.

Толамна дог тешна вацахь, толам боккхур бац.

МостагІчух кхоьруш волчо, толам боккхур бац.

Дов дохьуш веънарг, бат цІийх юьзна гІура ву.

Лаьхьа шен Іуьргахь бен беза.

ТІаргІа ларга, тІера цІока ма яккха.

Дуьйцачух теша, цкъа айхьа талла.

ЦІе а ма ловзае, хих а ма теша.

Дешин хиларх хьозана гура ца беза.

Нахана зулам деш вацахь, стаг маьрша ву.
Готтачу мачи чохь ког къуьйлуьйтучул, когаш берзана хилар гІолехь ду.

ЦІий-хьацарца лай хилла вацарал, маьршачу паргІатонехьа валар ду тоьлуш.

Вонах ларлуш верг Дала а ларво.

Къола деш волчу стага къера дуй а буур бу.

Тешам боцчу стагаца тасаделла гергарло деха ца лаьтта.

Дуккха а гІуллакхаш дан лууш волу стаг вижна дукха Іуьллур вац.

Лергаш ирде, хьо генахь саца.

Цхьа бІаьрг хьаббай набъе, вукху бІаьргаца само е.

ЖІаьла хьаста, амма гІаж буйнара дІа ма яккха.

ХІума саттае, амма кагъяларах ларъе.

ХІума схьалаца, хьо дІа ма лацийта.

Керчаш болу тІулг шарло.

ГІуллакх деш волу стаг жоп дала кийча хуьлу.

ГІелъеллачу говрана шен цІога а деза ду.

Дуккха а хууш хила, кІезиг дуьйцуш хила.

Жимчохь Іамийнарг атта дІаоьцу.

Іилма – исбаьхьа йоккха хазна ю.
Диканиг Іамадахь, вониг коьртачу догІур дац.

Ах хууш хиларал, хаъане а цахаар гІоли ду.

Болх ца беш, мукъа Іаш вверг сагатлуш хир ву.

Аьхка хье ца кхихкинчун Іай яй ца кхехка.

Аьхка вижна Іиллинарг Іай ида дезаш хуьлу.

Хьалха ойла е, гІуллакх тІаккха доладе.

Болх бечохь шун дуьзна хуьлу, мало ечохь шун даьсса хуьлу.
ХІума вуззалц яа, болх хьацар даллалц бе.

Хьайн доцу гIуллакх тIе ма лаца.

Мангал ира белахь бецан кес хир ду.

Балхо вахаво, малоно талхаво.

Хьанала къахьоьгуш даьккхина ахча беркате хуьлу.

ХIумма а деш воцчо дуьне ца доу.

Болх беш вацахь чоь шийла хир ю.

БIаьрг стешха бу, куьг майра ду.

Хьалххе гIаьттинчунна Дала а гIо до.

Охьа ца таьIча, лаьттара хьостам а хьала ца эцало.
Хьарама даьккхинчу ахчанца неIалташ дукха хуьлу.

Тахана дан йиш ерг кханенна тIаьхьа ма татта.
Кхана хуттар ду аьлла гIелан цIога хоттаза дисна.

Хабаро хьаьжкIийн до ца буза.

Ша хIумма а деш воцург дукха луьйш хуьлу.

Татта бохуш мохь беттарх татта ца теттича, чохь йисна варда хьала ца йолу.

Дукха луьйш верг шуьнехь а хуьлу новкъа.

Хабарца гота ца ахало.

Хьалхе гIаьттинчу жаIуьнан жий шала бехкина.

Шен гIуллакх ша дича дика хуьлу.

Чохь лай воцург арахь эла хилалур вац.
Хьанал къахьегна бууш болу кхача мерза хуьлу.

Лаьтта тIехула кхерсташ верг вац лаьттан да – дуьйш-дерзош верг ву.

Хьанала рицкъа дууш волчуьнан дог-ойла цIена хуьлу.

Хьанала рицкъа даош болу доьзал иман долуш кхуьу.

Дегаза деш долу гIуллакх баркалла доцуш дуьсу.

Ша къахьегна доцург атта хетта.

ХIуманан кхоам ца баро има-беркат дойу.

Къу вехаш ца хуьлу, лачкъийначух има-беркат ца хуьлу.

Къу нехан керташка бIаьрг бетташ хуьлу.
Хьарам рицкъа дууш волчуьнан цIий бехло.

Къуьнна къу а веза, Iаьржа буьйса а еза.

Къу ваьхначу кертахь къух долу.

ГIуллакх дан лууш воцчунна и ца дан бахьанаш дукха карадо.

Аьхкенан цхьана дийно динна шо кхобу.

Охуш аьлларг оруш карийна.

Ницкъал хьекъал тоьлу.

Хазаниг хьежа дика ю хьекъал дерг яло дика ю.

Белшаш тIехь корта хиларх массаьргахь а хуьлуш дац хьекъал.

Ахча дац деза, кхетам бу беза.

Куй лело белла бац корта, коьртана куй белла.

ЧУЛАЦАМ

Нохчийн мотт. Нохчийн метан де 3
ЦІа-кхерч, ков-керт 5
Говр-ворда южу гІирс 20
Ворда 20
Стерчийн ворда 21
Нох 21
Мекха 22
Даьхни 22
УьстагІий, гезарий 23
ЗІакардаьхни 23
Буц-аренаш 24
Ялта, докъар, хІоъ-докъар 25
Хьер 25
Нохчийн дуьйш-дерзош долу ялта а, кхин долу кхачанан сурсаташ а ... 26
Бешара стоьмаш 26
Хас. Хасстоьмаш 26
Нохчийн кхача 26
Вайн махкахь хьалха заманчохь хилла а, хІинца долу а акхарой 28
Вайн махкахь хьалха заманчохь хилла а хІинца долу а олхазарш 33
Вайн махкара хьун. Диттийн тайпанаш 46
Вайн махкара хьуьнан акха стоьмаш 46
Вайн махкара дарбанан бецаш 47
XVIII–XIX бІешарахь вайн дайша нохчийн маттана
юкъа далийна дешнаш 51
Іаламан хьелаш нохчийн маттахь 52
Ахча дагардар 53
Нохчийн къоман гІиллакхех лаьцна хеттарш, жоьпаш 56
ХІетал-металш 88
Дуьненчохь доцу диъ хІума 89
Вовшех тера а йоцуш, цхьана цІарца ерш 90
Цхьана элпаца йоккху цІе 90
Кицанаш 90

Лераме доттагIий! ХIокху сан балха тIехь гIалаташ шайна карадахь, тIейолчу ханна уьш нисдан аьтто беш, ас доьху хIокху адресца сайга хаамбар:

Ачхой-Мартановский район, ШаIми-Юрт, А.-Хь. Кадыровн цIарх урам, 6.

Тел.: 8-928-749-98-97

Технический редактор Бураева Т.И.
Корректор Бексултанова З.С.
Верстка Касумовой М.С.

Подписано в печать 10.10.2016. Формат 60х90/16. Тираж 3000. Заказ № 1764.

ФГУП «Издательско-полиграфический комплекс
«Грозненский рабочий»
364026, ЧР, Грозный, ул. Интернациональная, 12/35.